Kou kreyòl

9èm Ane

Kaye egzèsis

Fraz

I.- Ranpli tablo sa a, mete yon x anfas kare ki koresponn ak fraz oswa «pa faz».

No	Mo oswa Gwoup mo	Fraz	Pa fraz
1	Li vini wè mwen byen bonè		
2	li pale ak mwen sou sa.		
3	Ou vle reponn kesyon an ?		
4	Manje.		
5	Li legliz la.		
6	M ap tann taksi.		
7	Li vini, li sòti.		
8	Li sou ban an.		
9	Li achte kaye a men li poko jwenn kreyon an.		
10	Lekòl la louvri bonè ane sa a.		
11	Li di m li p ap la.		
12	Li pa vini paske li pa t resevwa envitasyon an.		
13	Tann.		
14	Di m sa ou pote pou mwen.		

II.- Pou gwoup mo ki nan premye kesyon an, ki kritè ki te pèmèt ou distenge sa ki fraz ak sa ki pa fraz.

III.- Idantifye mo oswa gwoup mo ki jwe wòl pilye oswa predika nan fraz anba yo. Antoure bon repons la.

1. Pwofesè yo devlope materyèl pa yo.
2. Ayisyen toujou toupatou.
3. Anpil konpatriyòt pa legal nan Bòstonn.
4. Yv Dejan pwofesè nan Inivèsite Indyana.
5. Elèv yo nan klas.
6. Touris la anwo.
7. Lwiz te kase tout asyèt yo.
8. Match foutbòl la enteresan anpil.
9. Lekòl Jilyèn nan pa lwen.
10. Tonton Jera doktè.
11. Pyebwa sa yo wo.
12. Vwayaj la te bon.
13. Li fè tout devwa yo.
14. Elèv respekte pwofesè.
15. Misye reyisi kanmenm.
16. Mwen renmen pidza a.

17. Prete m yon ti kòb.
18. Ala ou bèl !
19. Eske ou achte kreyon an?
20. Mwen renmen peyi m.
21. Ou pa jwenn repons la ?
22. Eske ou t al nan konferans la ?
23. Apa ou renmen sinema !

IV.- Sèvi ak mo oswa gwoup mo sa yo kòm pilye pou fè fraz.

a) manje
b) danse
c) pale
d) reyisi
e) pile
f) santi
g) kraze
h) obeyi
i) nan jaden
j) nan kay la
k) malad
l) nan chanm nan
m) lekòl
n) janti
o) sansè

V.- Reyalize 2 fraz pou chak modèl sa yo :

a) Sijè + pilye vèb
b) Sijè + pilye vèb + konpleman objè dirèk
c) Sijè + pilye vèb + konpleman objè endirèk
d) Sijè + pilye vèb + konpleman objè dirèk 1+ konpleman objè dirèk 2
e) Sijè + pilye vèb + konpleman objè dirèk + konpleman objè endirèk
f) Sijè + pilye adjektif
g) Sijè + pilye non (non ki gen rapò ak yon lye)
h) Sijè + pilye non (non ki gen rapò ak konpòtman)
i) Sijè + pilye advèb
j) Sijè + pilye prepozisyonèl
k) Sijè + pilye gwoup prepozisyonèl
l) Sijè + pilye nimeral kadinal
m) Sijè + pilye nimeral òdinal

VI.- Pami fraz sa yo, antoure fraz konplèks yo. Jistifye repons ou yo.

a) Elèv yo fè devwa a.
b) Pwofesè a te an reta paske machin li te an pàn.
c) Li rive lè sansè a ap sonnen klòch la.
d) Timoun nan malad depi de jou.
e) Machin nan derape a katrè.
f) Pwofesè a vini epi li travay.
g) Li rantre nan biwo a; li sòti.
h) Li salye direktè a, li chita.

i) M achte machin nan pou mwen ka rive a lè.
j) Si mwen te gen lajan m t ap achte yon sandwich.
k) Li rive an reta malgre li sòti bonè.
l) Prete mwen chèz la pou mwen chita.
m) Liv la manke de paj sèlman.
n) Pwòpte machin nan pou mwen.

VII.- Fè de fraz senp anba yo tounen yon fraz konplèks oswa konpoze:
a) Mwen konnen nèg la. / Nèg la ap priye.
b) Mwen rankontre elèv la. / Yo voye elèv la lakay li.
c) Mwen rive. / Reyinyon an kòmanse.
d) Mwen achte kaye sa yo. / Mwen vann yo.
e) Mwen ta achte yon elikoptè. / Mwen pa gen kòb.
f) Mwen te gen lajan. / Mwen ta achte yon pen bagèt.
g) Li kanpe. / Li chita.

VIII.- Sèvi ak mo sa yo: men, depi, kou, paske, epi, si, ki, pou ranpli espas vid yo.
a) Mwen ta vwayaje … m pa gen kòb.
b) ... pwofesè a rive , m ap rantre nan klas la.
c) Elèv yo nan klas … yo p ap travay.
d) … ou rive an reta sansè a ap pini ou.
e) M ap achte plim sa a … mwen travay.
f) Li pa te vini lekòl … li te malad.
g) Li ranje kabann nan … li sòti.
h) Li rantre … li sòti.
i) … ou te sòti bonè ou pa t ap rive an reta.
j) Li entèlijan … li parese.
k) Yo pini elèv … t ap pale a.

IX.- Sèvi ak mo sa yo pou reyalize 11 fraz konplèks: **ki, pou, paske, lè, si, epi, men, anvan, apre, malgre, puiske**

X.- Reyalize ak pwòp mo pa ou 15 fraz konplèks.

XI.- Sèvi ak yon flèch pou nou relye fraz sibòdone nan kolòn adwat la ak valè yo prezante nan kolòn agoch la

Fraz sibòdone	**Valè**
1) Tèlman li bèl yo fin fou dèyè li.	a) bi
2) Kòmèsan sa a fè plis benefis pase mwen.	b) kondisyon
3) M ap etidye pou m ka reyisi lekòl.	ch) koz
4) Li bwè anpil paske li gen pwoblèm.	d) konsekans
5) Papa m pa vle wè mwen men m ap toujou al wè li.	e) konsekans
6) Si Bondye fè m gras; m ap kontan.	f) tan
7) Lè yo bay blakawout la timoun yo oblije soti devan televizyon	g) konparezon

XII. Byen li tèks anba a. Konbyen fraz ou jwenn ladan l. Klase fraz ou jwenn yo an :
a) Fraz senp b) Fraz konpoze c) Fraz konplèks

Derilis

Derilis ap travay ak Leta Ayisyen. Li gen vennsenk ane depi li ap travay nan Ministè Edikasyon Nasyonal. Chak mwa, li resevwa senkant sèt goud tranntwa santim pou travay li fè kòm jeran.

Derilis pa grann tay. Li wotè yon boutèy kola dis san bouchon. Tèt li klere, ou a di yon asyèt ki fini byen lave. Tankou pi fò Ayisyen, nen li kraze. Tout ane travay sa yo fè li chaje ak eksperyans. De vès oubyen de palto li yo se de veritab “tchwe lanp”. Lè li mete yo, ou kapab wè youn ba li lòt bò jenou ; lòt la ba li anba kòt li. Sa depan wotè minis ki te fè li kado zouti sa a. Sèten jou, lè Derilis fin abiye, li fen tankou yon ze zwa.

XIII.- Konpoze yon ti tèks (10 liy ominimòm) kote ou ap sèvi ak plizyè tip fraz ou rankontre a,

XIV.- Konpoze ak pwòp mo pa ou : a)10 fraz senp b)10 fraz konpoze c) 10 fraz konplèks .

XV.- Byen li tèks anba a, fè 3 kolòn pou mete, selon sa ou jwenn : a) fraz senp b) fraz konpoze c) fraz konplèks

Avyon

Lè Kristòf te kite Ewòp pou li vini an Amerik nan lane 1492, vwayaj la te pran 70 jou. Kounyeya, yon sèl jounen ase pou yon moun fè menm vwayaj la, granmesi avyon k ap vole nan syèl la.

Poko gen santan depi moun kòmanse vwayaje nan avyon. Men anpil moun te eseye vole deja. Genyen ki te eseye mete zèl nan do yo men sa pa te mache. Tout bat yo te bat zèl yo, yo pa te janm kapab rive kenbe kò yo anlè.

De frè ki te rele "Montgolfières" te rive vole ak yon gwo balon ki te lejè anpil. Kòm se van ki t ap pouse balon an, li pa te kapab vwayaje nan kalmi pou li mennen yon moun nenpòt kote.

9 Oktòb 1890, yon premye ayewoplàn yo te bay non Ewòl te resi vole. Li te fè 50 mèt. Se yon enjenyè Fransè ki te rele "Clément Arder" ki te fè li vole.

Avyon fèt ak metal, pa egzanp aliminyòm. Gen ti piti ki pran de moun men gen gwo tou ki vwayaje ak plis pase 200 pasaje byen chita nan fotèy yo; san konte lòt moun k ap travay andedan li : pilòt, otès. Avyon vwayaj sa yo chache mete tout sa ki nesesè pou mete pasajè yo alèz : sinema, mizik, manje, etsetera.

Men gen avyon espesyal ki pote chay sèlman san pasajè. Plizyè lòt avyon rezève pou lagè. Avyon lagè sa yo opere anlè san yo pa poze atè. Avyon pa poze atè sèlman, yo poze sou dlo.

Avyon se yon soulajman pou pèp sou latè.

Mare fraz

I.- Byen li tèks la pou jwenn jan otè a mare a) chak fraz youn ak lòt b) chak paragraf youn ak lòt.

Sa nou kwè a se pa sa

Pafwa lè nou bezwen di yon moun li pa pwòp, premye bagay ki pase nan tèt nou pou nou di li se "Kochon". Poutan, si nou te konnen zannimo sa a byen, nou ta wè li pa malpwòp ditou.

Dabò, nou panse li pa pwòp paske li benyen nan labou. Enben, lè li woule nan labou a se paske li ka jwenn frechè, imidite epitou li ka pwoteje tèt li kont tout bèt. Po li sansib anpil, lè bèt pike l, li santi l menm jan ak moun. Lè labou a sèk, li tonbe ak ni pis ni pou ki ta nan plim li yo. Anplis de sa, menm si kochon renmen benyen nan labou, li pa fè bezwen li nan kote li dòmi an.

Ansuit, se yon bèt ki entèlijan anpil. Lè li pran sant yon bagay, li ka fouye ak bouch li jis li jwenn li, menm si li anba tè. Li ka aprann fè anpil bagay. Nan lòt peyi, yo aprann li ouvri pòt, peze pedal pou l jwenn dlo pou l bwè.

Yon lòt pa, kochon se yon bèt ki itil. Vyann li gen bon gou. Yo manje l divès fason. San li sèvi pou fè bouden. Pwal di sou po li yo sèvi pou fè bwòs tèt. Kwi kochon sèvi pou fè bèl valiz ak soulye.

Anfen, an Ayiti, kochon pa koute chè pou gade paske yo pa bezwen twòp espas epi yo manje tout bagay. Anplis, se yon bèt ki rapòte anpil. Nan yon ane, yon manman kochon ka fè de pòte pitit. Chak pòte yo ka gen ant dis a kenz pouso. Li pote yo kat mwa nan vant. Pouso yo gwosi vit. Se pou sa yo ka vann yo byen bonè oswa touye yo pou vann vyann yo. Vyann kochon bay anpil benefis. Nou ka konprann poukisa yo di kochon se bwat sekrè peyizan ayisyen.

II.- menm egzèsis pou tèks anba a:

Manman mwen

Mwen pa kwè mwen egzajere si mwen ta di manman mwen bèl anpil. Tout kondisyon reyini sòti nan fòm li, jès li, fason li abiye rive nan jan li pale.

Li rele Annjelika. Nan si mwa ak kèlke jou, li ap genyen twa dizèn ane sou tè a. Cheve li yo long, nen li pwenti. Bouch li piti epi zye li nwa tankou chabon. Manmam m pa twò wo, men li pa kout tou. Li pa ni gwo ni mens. Sousi li fen tankou yon fisèl.

Manman mwen janti tankou yon zanj. Epoutan si mwen fè yon bagay mal, li ap fache. Li enteresant anpil. Lè li ap pale, li oblije fè jès. Mwen toujou di li sispann men li pa vle koute mwen. Malgre sa mwen renmen li anpil. Lè mwen malad, li toujou fè sa li kapab pou mwen geri. Li trè sansib.

Sylvie Pierre Louis

III.- menm egzèsis

Moustafa

Chat mwen an rele Moustafa . Mwen pi renmen li pase lòt chat yo. Li pote non sa a paske li gen anpil pwal koulè blan e nwa. Li gen twa zan. De gwo boul zye li yo vèt, e gwo nen li an wòz. Chat mwen an trè bèl, li pi bèl pase chat prezidan an Klintonn nan.

Chat mwen an se yon chat trè entèlijan. Chak maten, a sizè, Moustafa ret tann mwen devan pòt chanm mwen an. Si pòt la ouvè, li rantre tou dousman pannan m ap dòmi e li niche ti zòtèy mwen yo. Lè ou di li : chita ! Li chita . Lè ou di li : kanpe ! Li kanpe.

Men Moustafa gen kèk ti defo tou. Li toujou ap monte sou tab la pou l pran manje yo. Li pa janm ka tann yo ba li bòl li a. Chat mwen an, Moustafa, se yon chat ki toujou renmen layite kò l sou chèz lakay mwen yo. Moun toujou ap chita sou li.

Malgre defo Moustafa genyen yo, m renmen l anpil. Pou m montre li, mwen renmen li anpil fò m toujou karese li. Li toujou kontan tou. Li konnen mwen renmen l tou. Nou san lè marye .

Fabienne Joseph.

IV. Konbyen paragraf ou jwenn nan tèks sa a ? Ki lide ki devlope nan chak paragraf ? Ki mo ki domine chak paragraf la ?

Sa nou kwè a se pa sa

Pafwa lè nou bezwen di yon moun li pa pwòp, premye bagay ki pase nan tèt nou pou nou di li se "Kochon". Poutan, si nou te konnen zannimo sa a byen, nou ta wè li pa malpwòp ditou.

Dabò, nou panse li pa pwòp paske li benyen nan labou. Enben, lè li woule nan labou a se paske li ka jwenn frechè, imidite epitou li ka pwoteje tèt li kont tout bèt. Po li sansib anpil, lè bèt pike l, li santi l menm jan ak moun. Lè labou a sèk, li tonbe ak ni pis ni pou ki ta nan plim li yo. Anplis de sa, menm si kochon renmen benyen nan labou, li pa fè bezwen li nan kote li dòmi an.

Ansuit, se yon bèt ki entèlijan anpil. Lè li pran sant yon bagay, li ka fouye ak bouch li jis li jwenn li, menmsi li anba tè. Li ka aprann fè anpil bagay. Nan lòt peyi, yo aprann li ouvri pòt, peze pedal pou l jwenn dlo pou l bwè.

Yon lòt pa, kochon se yon bèt ki itil. Vyann li gen bon gou. Yo manje l divès fason. San li sèvi pou fè bouden. Pwal di sou po li yo sèvi pou fè bwòs tèt. Kwi kochon sèvi pou fè bèl valiz ak soulye.

Anfen, an Ayiti, kochon pa koute chè pou gade paske yo pa bezwen twòp espas epi yo manje tout bagay. Anplis, se yon bèt ki rapòte anpil. Nan yon ane, yon manman kochon ka fè de pòte pitit. Chak pòte yo ka gen ant dis a kenz pouso. Li pote yo kat mwa nan vant. Pouso yo gwosi vit. Se pou sa yo ka vann yo byen bonè oswa touye yo pou vann vyann yo. Vyann kochon bay anpil benefis. Nou ka konprann poukisa yo di kochon se bwat sekrè peyizan ayisyen.

V.- Menm egzèsis pou tèks : sa nou kwè a se pa sa

VI.- Konbyen paragraf tèks anba a genyen ? Ki lide ki domine chak paragraf ? Kòman otè mare chak fraz ? Kòman li mare chak paragraf ?

Youn ede lòt

1. *Nou tout gen pwoblèm, fòk nou domine yo. Malgre difikilte nou genyen, nou kapab rann moun sèvis. Obstak, aksidan, pa fèt pou rete moun ki gen kouraj.*

2. ***Lwi Bray*** *viv sòti nan lane 1809 rive nan lane 1852. A 3 zan, yon je li pete pandan li t ap jwe ak yon zouti papa li. Yon maladi fè li pèdi lòt zye a. Lwi te yon timoun tris, pèsonn pa t vle jwe ak li. A 7 tan, li te vle al lekòl. Pwofesè a pa t ka fè anyen pou li. Lwi te chita anba fenèt lekòl la li t ap koute.*

3. *Devan kouraj Lwi, pwofesè ti lekòl sa a te reyisi jwenn yon bous pou li. Konsa, Lwi antre nan lekòl pou avèg yo. Se yon sèl ki te genyen nan epòk sa a. Yo te montre moun li sou lèt enprime an relyèf. Li te difisil, Lwi te reflechi sou fason pou li fè etid sa a pi fasil.*

4. *Li mete kanpe yon lòt metòd. Avèg yo te twouve metòd la pi rapid, pi fasil. Men sa te pran anpil tan anvan yo te adopte envansyon sa a nan yon bann kote nan lemonn. Ak metòd sa a, anpil avèg vin kapab etidye. Yo vin masè, enprimè, telefonis, montè, elektrisyen... Plis pase 20.000 liv enprime an* ***bray***.

VII. Reyalize yon tèks 10 liy. Byen mare fraz yo (pwogresyon tematik) pou devlope yon lide.

VIII.- Reyalize yon tèks 15 liy ki genyen 3 paragraf sou Ayiti. Chak paragraf yo dwe chita sou yon sèl lide (1e paragraf : Ayiti peyi ki fè listwa, 2e paragraf: bon kote peyi a, 3e paragraf: move kote peyi a). Pou 3 paragraf yo, fraz yo dwe mare youn ak lòt. Chak paragraf yo dwe mare youn ak lòt.

IX.- Fè yon tèks 15 liy pou pale de rèv ou genyen nan pwochen 20 lane ki ap vini yo. Ou dwe sèvi ak konektè sa yo: dabò, ansuit, anfen pou mare paragraf yo.

X.- Pwodui yon tèks 30 liy pou pale de rèv ou. Premye paragraf la dwe chita sou sa ou ye kounyya (pale m de ou). Dezyèm paragraf la dwe pale sou sa ou ap ye nan 20 tan.

XI.- Reyalize yon tèks 5 liy.Itilize pwosede sou pwogresyon a tèm konstan

XII.- Reyalize yon tèks 10 liy. Sèvi ak pwosede sou pwogresyon a tèm derive

XIII.- Reyalize yon tèks 10 liy. Sèvi ak pwosede sou pwogresyon a tèm eklate

XIV.- Chwazi tèm pa ou. Reyalize 3 paragraf (premye a dwe mare ak dezyèm nan, dezyèm nan dwe mare ak twazyèm nan).

XV.- Byen li tèks la.

a) Fè 3 kolòn : youn pou fraz senp, youn pou fraz konpoze, youn pou fraz konplèks.
b) Pou fraz senp yo, divive yo an 2 kolòn : youn pou fraz vèb, lòt la pou fraz non vèb.

Annita ak Kannel

Sete bò dizè diswa nan fon kè kwabosal. De timoun, Annita ak Kannèl te pran yon michan pwoblèm. Yon gwo lapli te fin fè ravaj nan tout Pòtoprens.

Yo te gen preske menm laj. Yonn, 9 an, lòt la t ap kouri sou 10 an. Apre yon jounen travay, yon jounen fatig, yon jounen y ap pote chay bò mache Kwabosal la, vye kò yo te mande repo. Alòske lè a te koumanse endiy, manman yo poko te rantre. Yo menm, kadav yo te mande repo. Men yo nan michan tray.

Se alòs yo tabli yon kozman. Pi piti pran devan li tanmen:

- *Kouman n ap demele nou la Kannèl ?*
- *Tata, nou nan ka tout bon ak tout dlo lapli sa. Labou ak krabinay sa yo ap anvayi tout kay la, nanpwen kote pou nou kwoupi kò nou menm non.*
- *Poukisa Bondye fè lapli tonbe konsa ? Dlo vle bwote nou lage nan lanmè, ou kwè li pa rayi nou ?*
- *Adye non pa di sa Tata. Si Bonye ba nou lapli se pou yon byen. Manman nou toujou di sa. Nan tan lesèk se senkant kòb l achte yon ti bokit dlo. Lè konsa, kras kouvri po kò nou. Chalè toupizi nou. Epitou, manman toujou di se lapli ki fè latè donnen manje. San lapli, abitan pa ka travay. E nou menm lavil n ap mouri grangou. Si abitan pa bay, lavil nan lapenn. Nan lanati, se youn sibi pou lòt.*
- *A a Kannèl monchè, woule lang ou twa fwa nan bouch ou anvan ou pale. Yonn pa bezwen sibi pou lòt. Manman m konn di nan peyi l gen lapli tout tan. Men gen gwo rigòl kannal kote dlo yo koule. Isit la lè ou kouche sou nat ou epi grenn lapli ap degrennen tonbe deyò a, nanpwen bagay fè ou dòmi alèz konsa. Poukisa isit la tout fatra nan lavil la se lakay nou pou li vin chita. Yo pa ka koule nan lanmè.*
- *Devan gwo sèvo ou Tata se chapo ba. Men pa bliye andeyò lakay, youn soufri pou lòt kanmenm. Grann te di nou lòt jou dlo larivyè te neye yon timoun. Kote gen dibyen den ditò tou. Men kite koze pran pawòl, kijan n ap dòmi aswè a ?*
- *Mwen, Kannèl, m ta di ou, an nou reziye nou. An nou charye detwa wòch mete atè nan kwen an. N ap tann kabann sou yo pou nou pa pase nuit la blanch.*

Tout de timoun yo, ak rad nwè kon labou sou do yo antre nan travay ankò nan mitan lannuit lan. Yo sanble wòch. Lèfini, yo pran kèk moso katon sal yo. Yo lage kò yo sou katon sa yo. Se konsa, yo plonje tousuit nan fon somèy jouk li jou.

Lè Kannèl reveye denmen maten, li jwenn manman yo nan fon somèy tou bò kote yo. Yo pa t konnen lè l te rantre lannuit lan. Se lè sa atò, Kannèl tonbe nan rèv je kle. Li t ap sonje nan kè l : « Kilè n a soti nan mizè sa a ? Eske n ap pase vi nou nan reziyasyon ?»

Pòtrè Van Sèvolan, Dominique Batraville, Edisyon Près Nasyonal d'Ayiti/ Koleksyon Souf Nouvo, p.7,8-9, janvye 2008

XVI.- Byen li tèks anba a pou wè si otè a respekte règ pwogresyon tematik la.

Nan peyi kote jou leve san dat

Premye fwa m pran kanntè, moun pa t konn rele m Bèbè, Amiltonn nonplis pa t egziste. Premye fwa sa a, kanntè a pa fè twa jou sou lanmè, li al sote sou yon batiman Gadkòt meriken, merin yo fè n monte sou batiman an, yo defonse ti bato nou an, yo fè l koule. Yo di se pou nou pa jwenn planch pou n fè bato ankò, epi yo mennen nou vin debake sou waf Bizoton. Dezyèm fwa a, kanntè a rive nan lanmè Miyami,nou jete kò nou nan lanmè, moun ki te konn dlo, debat jouk yo rive sou plaj Miyami. Mwen pa konn kouman sa fè fèt, yo ranmase m sou plaj la, san konesans ak yon pye kase. Sèvis Imigrasyon meriken mete m nan yon anbilans, epi m al retwouve m, kouche sou kabann lopital Miyami, vlope nan yon blouz blan. Apre sa, yo mete nou, mwen menm ak yon pakèt lòt konpayèl, nan yon avyon, yo voye n tounen Ayiti. Jounalis vin resevwa m Ayewopò, yo pase figi m nan televizyon, zanmi m di yo te wè m ap bwete, sou yon pye, k ap desann avyon an.

Boul mwen te fin sòti, mwen tonbe pou yon chif. Yon senp ti chif neryen demantibile lespwa m. Mwen rive Miyami ! Kilès ki ka kwè sa ? Antouka, mwen pwofite gade, mwen konprann pouki, pouki pifò Ayisyen ta renmen al viv Miyami. Mwen pa gentan sikile Miyami, men ti sa m wè a kont ... Etan m kouche lopital la, m ap gade vil la, nan yon fenèt an vit. Bèl wout, oto k ap kouri ak tout boulin, anpil aktivite monte-desann. M ap kalkile si pye m pa t kase, m ta sove sou mis yo nan lopital la. Si pye m pa t kase, lopital pa tap jwenn mwen. Si pye m pa t kase, lapolis pa t ap gentan met men sou mwen. Si pye m pa t kase, atò konsa mwen t ap gentan fonn nan Miyami. Si pye m pa t kase ... Ala fè mwen ta fè. Si pye m pa t kase, yo te arete m, atò konsa, mwen t ap nan kan Kwom, yo t ap pare pou yo voye m tounen an Ayiti; mwen pa t ap wè sinema gratissa a, k ap defile devan m, dèyè vit lopital la. Se ka yon mal pou yon byen. Pye kase a pa di anyen, mwen te ka pran chans mwen ! Men pye a mare, pye a pandye anlè, nan yon kòd, k ap tire l.

Se pa de konntenè ak gwo kamyon ki pase devan je m,nan fenèt la, youn pa gen bèfchenn, youn pa gen manadjè, atò travayè mwen pa wè. M santi gen anpil travay Miyami pou bèfchenn. Pou kamyon mwen wè, k ap sikile Miyami, san manadjè, se mwen ki t ap chwazi kamyon pou m travay.Travay bèfchenn mwen la, tou pare, ap tann mwen. Annik lonje men pran. Epi blan an, sententèwonp la, ap ban m pwoblèm, li derefizem pran chans mwen, la , kote m rive a. Malgre tout jès mwen fè, pou l konprann afè m pa bon Ayiti, li pa pran priyè, li pa bay.

Bèbè Gòlgota, Pierre Michel Chery, p 5,6-7, avril 2013.

XVII.- Menm kesyon

Antibyotik

Antibyotik se yon seri medikaman ki gen anpil enpòtans. Nou sèvi avè yo pou nou konbat enfeksyon bakteri ban nou. Nou pa konbat viris avè yo ; pa egzanp, yo pa ka geri grip. Chak fanmi antibyotik pa ka geri tout kalite enfeksyon. Nou jwenn nan yon fanmi

antibyotik tout antibyotik ki gen menm chapant chimik. Li enpòtan pou nou konnen fanmi antibyotik yo. Gen de rezon pou sa :

1 An jeneral, tout antibyotik ki nan yon fanmi ka geri menm kalite enfeksyon. Sa vle di yon antibyotik kapab ranplase yon lòt ki soti nan menm fanmi avè l.

2 Si nou fè alèji ak yon antibyotik, n ap fè alèji tou ak tout antibyotik ki nan menm fanmi an. Nan yon ka konsa, n ap oblije sèvi ak yon medikaman ki soti nan lòt fanmi, lè nou fè yon enfeksyon.

Gen anpil anpil fanmi antibyotik, tankou fanmi penisilin, fanmi tretrasiklin ak yon bannn lòt ankò.

Nan fanmi penisilin nan, nou jwenn : amòksilin, anpisilin, bennzatin, penisilin, bennzil penisilin, dikoksasilin, pwokayin penisilin, ak kèk lòt ankò. Fanmi tretrasiklin nan genyen: doksisiklin ak tretrasiklin.

Medikaman ki soti nan fanmi penisilin bay bon rezilta sou anpil enfeksyon. Yo pa gen anpil efè segondè epi fanm ansent tankou fanm ki ap bay timoun tete kapab sèvi ak yo san pwoblèm. Nou jwenn yo toupatou, yo pa koute chè, yo vini swa sou fòm grenn, swa sou fòm pii. Men yo bay moun plis pwoblèm alèji pase anpil lòt medikaman. Mount e konn si tèlman sèvi ak penisilin san kontwòl, jounen jodi a genyen kèk malady ki reziste san pwoblèm devan penisilin.

Tretasiklin tankou doksisiklin trete dives kalite enfeksyon tou. Antibyotik sa yo pa koute chè epi nou kapab jwenn yo toupatou. Fanm ansent, fanm k ap bay timoun ki poko genyen uit lane tete pa dwe pran ni tretrasiklin ni doksisiklin.

Moun pran anpil antibyotik twò souvan, sitou penisilin. Se pou nou sèvi ak antibyotik sèlman lè sa nesesè.

August A.Burns et al, Kote fanm pa jwenn doktè, 2000; tradiksyon Jean Wilner Steeve: adaptasyon otè yo.

Dosye laprès

I.- Sèvi ak eleman sa yo pou reyalize yon atik pou laprès.

Kilè	: 14 Out 2021
Kibò	: zòn Gran Sid (Kay, Jeremi, Aken, Pestèl, Baradè, Manich)
Kisa	: Tè a tranble, kay kraze, moun mouri, moun disparèt
Ki moun / kilès	: Ayisyen nan Gran Sid
Kòman	: Respè bon prensip konstriksyon, mank responsabilite

II.- Ou te viv yon evènman pandan ou t ap soti lekòl oswa ou ta pral lekòl. Sèvi ak eleman sa yo : kilès, kilè, kibò, kisa, poukisa pou reyalize yon atik pou yon jounal. Ou ap respekte pwogresyon tematik la ; mare fraz ak mare selon prensip, mare paragraf ak paragraf

III.- Ekri yon atik ki chita sou fondasyon Ayiti. Ou ap pibliye atik sa a nan yon jounal.

IV.- Tè a tranble 14 Out 2021. Apre ou fin idantifye 5 eleman yo (kilès, kilè, kisa, kibò, poukisa) pran pozisyon sou konsekans sa ki pase a. Selon ou, si nou te respekte prensip konstriksyon an, èske tout moun sa yo t ap mouri ?

V.- Apre tè a fin tranble nan Sid la, reyalize yon tèks pou rapòte sa ki pase a. Pwofite okazyon an pou kondane neglijans ki lakòz tout moun sa yo mouri.

VI.- Sèvi ak elenan sa yo pou fè yon atik pou jounal. Apre yon gwo lapli, wout la glise anpil nan zòn nan. Machin nan kòmanse monte lè li rive nan ren mòn nan, li glise desann ak tout vitès. Li al kore nan rantre yon kay ki bati anba mòn nan. Aksidan an koz 3 moun mouri, 2 moun blese, yon bò kay kraze nèt atè.

VII.- Sèvi ak eleman sa yo pou fè yon tèks pou jounal. Apre yon gwo lapli, yon eboulman fèt nan zòn minui. Yon kay kraze. Pèsonn pa rive sove apre katastwòf sa a. Nan kay, la 4 moun mouri,

VIII.- Ou te vin yon evènman pndan ou t ap soti lekòl oubyen ou t ap prale lekòl. Sèvi ak 5 eleman sa yo (kilè, kilès, kibò, kisa, poukisa) pou reyalize yon tèks pou laprès kote ou ap respekte pwogresyon tematik (mare fraz, mare paragraf).

Nati / Fonksyon

I.- Jwenn nati mo ki souliye yo :

1. Elèv yo fè devwa a.
2. Mwen rankontre ak pwofesè a.
3. M ap tann ou devan pòt la.
4. Nou ap gade lanmè a.
5. Nou pral wè nèg la.
6. Mwen renmen emisyon sa a.
7. Li nan klas la.
8. Fidèl yo legliz la.
9. Kèk timoun la.
10. Ou mèt tann yon bann moun.
11. Mwen pale sou li.
12. Li ajoute non m.
13. Anpil moun pèdi kay yo.
14. Ou wè mèt la pou mwen.
15. Senk elèv vini nan kou a.
16. Fèmen kaye a.
17. Nou pral korije devwa a.
18. Li lwe madanm nan kay la.
19. Li se pwofesè.
20. Se ou ki te poze kesyon an.

II.- Pou chak mo oswa gwoup mo ki souliye yo, bay nati ak fonksyon (lè li posib) yo.

1. Madanm nan manje manje a.
2. Elèv la malad.
3. Malad la refè.
4. Nèg malad la geri.
5. Timoun nan la.
6. Nèg la pèdi kat elektoral li.
7. Mwen wè li nan legiz la.
8. Bannann nan manke de pat.
9. Liv mwen an pwòp.
10. Li ban mwen di goud.
11. Yo rive an reta.
12. Yo reponn de kesyon.
13. Li ba ou de tap.
14. Li t ap gade timoun nan.
15. Nap la sal.
16. N ap fè devwa a.
17. Pap la te vizite Ayiti.
18. Li p ap fè sa ankò.
19. Mwen pral achte yon kap pou mwa avril la.

III.- Pou chak fraz ki anba yo, souliye eleman oswa gwoup eleman ki gen fonksyon Sijè a

1. Poul la manje mayi a.
2. Bèf la fè de pitit.
3. Selilè a pa fonksyone.
4. Jak reponn kesyon an.
5. Li rete nan kay la.
6. Timoun yo ap fè dezòd.
7. Soulye blanch la pa gen lasèt.
8. Chemiz wouj la blaze.

IV.- Antoure eleman oswa gwoup eleman ki gen fonksyon KOD (Konpleman Objè Dirèk)

a) Limen limyè a.
b) Devise anpoul la.
c) Pote chemiz la pou mwen.
d) Achte yon pil ze nan mache a.
e) Li fini fè devwa a.
f) Li pran lapawòl.

V.- Pou chak mo ki souliye yo, jwenn nati yo

1) Li jwenn repons ak kesyon an.
2) Kèk moun ki vini.
3) Yon latritye moun debake.
4) Mwen renmen lekòl ou a.
5) Pwofesè kreyòl la eksplike byen.
6) Bouyon an manke sèl.
7) Mwen pral benyen larivyè.
8) Larivyè a desann jodi a.
9) Ayiti se yon peyi endepandan.
10) Direktè a pa te kontan menm.
11) Pitit li obeyi manman l.
12) Li danse ak zanmi li.
13) Li mete yon bèl chemiz.
14) Poul blan an gen de ze.
15) Ki moun ki poze kesyon an.
16) Liv sa a manke kèk paj.
17) Plizyè elèv jwenn bon repons la.
18) Yon elèv pa vini jodi a.
19) De pa vini jodi a.
20) Nou pa jwenn tout repons yo.
21) Manman m pral pini mwen.
22) Mwen renmen peryòd vakans.
23) Zanmi mwen yo apresye m anpil.
24) Misye frekan anpil.
25) Mwen admire mizik sa a.
26) Poul sa yo koute chè.
27) Li vini pou li rankontre direktè a.
28) Elèv la malad.
29) Poul malad la geri.
30) Malad la refè.
31) Si mwen te gen lajan mwen ta achte yon elikoptè.
32) Li pa vini paske li pa jwenn machin.

VI.- Mete yon kwa nan kolòn ki koresponn ak nati mo ki souliye.

Pa bliye: adj = adjektif / det = detèminan / prep = prepozisyon

Fraz	Non	Adj	Prep	Pwonon	Pilye	Det	Advèb
Pilòt la monte avyon an.							
M ap achte yon elikoptè.							
M renmen peyi m.							
Pote sak la pou mwen.							
Li rive an reta maten an.							

Mwen jwenn tout repons yo.							
Ou pa renmen rabòday ?							
Li envite pou m vin lakay li							
Ou pa renmen videyo a ?							
M pral pase yon mwa Mayami.							
M renmen pwason gwo-sèl.							
M ta manje yon lalo ak diri.							
M poko eseye tonmtonm nan.							
Li byen ranje kabann nan.							
Li poze tab la la.							
M bliye kaye a lakay la.							
Prete m liv ou a.							
Li achte pou senk dola sèlman.							
Li renmen mizik la anpil.							

VII.- Pou chak mo oswa gwoup mo ki souliye yo, jwenn nati ak fonksyon yo. Lè li pa posib, jistifye repons ou a.

GN = gwoup non / GP= gwoup pilye / P=pilye / KOD= konpleman objè dirèk / KOE= konpleman objè endirèk / KS= konpleman sikonstansyèl

Fraz	GN	GP	Sijè	P	KOD	KOE	KS	Non
Poul la kase vè a.								
Matant mwen gen de pitit.								
Nèg la pale ak polis la.								
Li reveye mwen maten an.								
Ou pa renmen ze ?								
Elèv la poko reponn kesyon yo.								
Fòk ou bwè anpil dlo.								
Doktè a fèk vini nan sal la.								
Pè a byen preche.								
Pèchè a kenbe bonit sèlman.								
Tonmtonm nan te gou anpil.								
Achte de boutèy dlo pou mwen.								
Plim nan pa ekri byen.								
Machin ou a bèl anpil.								
Tifi a legliz kounyeya.								
Nèg manje !								
M pral nan sinema.								
Li rive nan kay la.								

Li obeyi papa l ak manman l.								

Òtogaf / plas i / y

Mete lèt «i» oswa lèt «y» nan plas pwen yo pou byen ekri mo sa yo.

Pit ...
r..v..è
mat...è
pen ...en
dif..k..lte
m...èl
at...s
...m
..m..l..e
òd..natè
Telev..z..on
l...m...è
...anvalou
p...e
p..t..e
b...te

Plas r / w

mete «r» oswa «w» pou ekri mo sa yo san fot.

Louga..ou
k...ent
t..ant
nime...o
k...òk
...ach
Pe...òl
t...avay
t..ezò
k...ochi
..asin
g...ennen

Fòmasyon mo

Fòme senk (5) mo sou modèl sa a.

	Prefiks	Rasin	Sifiks
Modèl	De	Chouk	E
1			
2			
3			
4			
5			

Rekopye tèks sa a pandan ou ap kenbe prensip grafi ofisyèl la.

Se jodi m’ pa wè yon pye flanbwayan
K’ape souke tchatcha li lan van
Se jodi m’ pa tande
Toutrèl k’ap woukoule
Wosiyòl k’ap chante
Epoutan se pitit kay mwen ye
Mwen gen lontan m’ape vwayaje
Se kò m’ ki te pati
Ale lan lòt peyi

Kè m’ pa janm deplase

Pa pran sa fè anyen mezanmi
Si lè m' pale
Gen de lè lan pawòl m'ape di
Yon mo angle chape
Se yon lang mwen te blije
Aprann pou m' degaje m'
Men se kreyòl mwen ye

Fè yon ti plas lan mitan nou pou mwen
Avan tou se chalè n' mwen bezwen
Rakonte m' sa nou fè
M'a di nou sa mwen wè
Nou gen tan pou nou koze.

Jean-Claude Martineau (Koralen), Powèm / Flèdizè

Mete fraz sa yo ki an estil dirèk an estil endirèk.
Li di: "Mwen p ap vini nan fèt la".
Elèv la di: "Mwen pral pase vakans nan peyi mwen".
Tonton m di m : "Mwen pa santi mwen byen".
Mwen mande : "Eske ou fè devwa a"?
Mari di: "Mwen pral nan vakans nan peyi mwen".

Mete yon detèminan nan espas vid chak fraz yo.

De poul ... te nan lakou ... lè bri ... fèt. Wanganègès... poze sou ...pyebwa. Van siklòn ... pouse tout timoun .... Grann, mwen bezwen ...vè dlo. Andre ak Matin rete lakay ... Malèn ap lave rad ... Pwofesè... a mande Etyèn pou li mennen papa ... ak manman ... nan direksyon lekòl ... Pran liv... pou mwen. Monte pye kokoye ... pou keyi youn pou mwen.

Ekri twa (3) fraz kote ou ap montre "yo" kapab atik defini, adjektif posesif, pwonon pèsonèl.

Fè de (2) fraz kote «nan» ap atik nan youn, prepozisyon nan lòt la.

Nan fraz sa a : <u>Pa mwen an</u> rete nan machin nan. Ki nati ak fonksyon gwoup mo ki souliye a.

Fòme senk (5) mo konpoze ak «manman»

Fòme :

1. Yon Non apati de adjektif : bèl
2. Yon Pilye apati de non : Kle
3. Yon Pilye apati de non : lwanj

4. Yon pilye apati de non : bèk

Polisemi
Nou pale de polisemi lè yon mo gen 2 oswa plizyè sans. Yo pale tou de chan semantik pou tradui valè sans yon sèl mo kapab genyen.
Efase peche nou, Efase tablo a, efase ou nan kay la.
Jwen 5 mo ki polisemi. Ekri yo nan kaye ou. Jistifye repons ou a ak fraz ou reyalize.

Omonim
1. Tout moun ap tann fèt Nwèl la rive.
2. Mari tann rad yo deyò.

Nan fraz #1 an «tann» vle di pran pasyans pou lè li vini alòske nan #2 a, «tann» gen sans mete nan solèy.
Nou rele «tann» nan 1e ak 2e fraz la Omonim paske yo sonnen menm jan epitou yo ekri menm jan men yo pa genyen menm sans.
Jwenn 10 egzanp nan ka sa a.

Sinonim
1. Yo fè yon fason pou komemore dat sa a ak tout kè yo.
2. Yo fè yon fason pou fete dat sa a ak tout kè yo.

Malre chanjman nou fè, sans fraz # 1 ak fraz #2 pa chanje paske komemore prèske menm sans ak fete. Konsa, nou rele 2 mo sa yo : komemore ak fete, 2 sinonim.
Jwen 10 egzanp nan ka sa a.

Antonim
1. Jou sa a, timoun yo rich.
2. Jou sa a, timoun yo pòv.

Rich diferan de pòv. Nou di 2 mo sa yo se antonim paske youn se kontrè lòt.
Jwenn 10 egzanp sou modèl sa a.

Pawonim
1. Mwèl / nwèl
2. Tonmtonm / tanmtanm

Nou ka remake lè nou ap pwononse mo sa yo, yo prèske sonnen menm jan. Nou rele 2 mo sa yo: Pawonim.
Jwenn 5 egzanp sou modèl sa a.

1.- Fè yon fraz ak chak mo sa yo: kliyan, solid, relasyon, tokay. Jwenn sinonim yo chak epi fè 1 fraz ak chak sinonim.

2.- Ranpli tablo sa a, mete yon kwa nan kare ki koresponn ak bon repons la.

Fraz	Prezan	Pase	Fiti
M a vin wè ou pita.			
Li kraze asyèt la.			

Li manje tout plat manje.			
Li te wè doktè a.			
Li pral achte kado a.			
Li ap manje pòm nan.			
L ap fè devwa li.			

3.- Ranpli tablo a, mete aspè ak tan ki koresponn ak fraz la nan bon kare a.

Fraz	Aspè	Tan
Li ap danse ak sè ou.		
Li manje zaboka san pen.		
Li kòmanse pale ak mesye yo		
Li pral wè papa ou.		
Li konn manje reken.		
Li ap fè devwa a.		
Li te kase asyèt la.		

4.- Konstriksyon mo nan fraz la ba li sans presi pa rapò ak lòt sans li ta ka pran nan lòt kontèks :

Yon dlo fre, yon pen fre, nouvèl fre,

5.- Men de lis. Pou chak mo nan B, jwenn sinonim li nan lis A a.

Lis A	Lis B
Kontan	File
Jis	Ekri
Pwenti	Sonje
Nouvo	Kite
Frajil	Anjwa
Pezib	Redui
Fyè	Pran
Piye	Ògòye
Redije	Edike
Rakousi	Kal
Raple	Vòlè
Abandone	Piti
Elve	Delika
Sezi	

6.- Jwenn kontrè mo sa yo :

Chans, fè, defini, lagè, mèg, legal, agreyab, mens, rayi, resevwa

7.- Men de lis. Pou chak mo nan B, jwenn sinonim li nan lis A.

Lis A	Lis B
Pyès kay	Fwa
Bis	Fouye
Machin	Kounouk
Rad	Bogota
Mesye	Mouche
	Pèpè

8.- Kontre avèk flèch mo kolòn A a avèk sinonim li nan kolòn B.

A	B

Peri	Eklere
Pèsepttè	Malouk
Si	Depafini
Kòlèt	Ansèy
Tchak	Bouke
Labanyè	Goyin
Chache	Kolektè
Je	Tante
Edike	Apranti
Fwonte	Nawè
Atire	Bri
Tètmato	Dezòd
Swe	Bouske
Rèl	Lestomak
	Tire

9.- Chache 3 omonim pou chak mo sa yo epi ekri siyifikasyon yo avèk yon egzanp.
file, fè, efase, tonbe, pat, kont, mi, granmoun, rakèt

Egzanp: kou

1. **kou** : pati ki soude nan tèt nou ak pwatrin nou. *Jòj kite kou li nan kabann.*
2. **kou** : reyinyon nan yon klas kote pwofesè a ap bay elèv fòmasyon. *Mwen gen kou kreyòl jodi a.*
3. **kou** : aksyon kote yon moun frape nou. *Jwè a ba li yon kou dèyè jarèt.*

10.- Mete yon sinonim nan plas mo ki souliye yo.

Grann li mouri andeyò. Valiz sa a byen lou. Misye gaya lontan. Manman Jàn renmen fè babako manje. Timoun yo chèlbè nan wòb sa a. Channmas chita nan kè kapital la. De moun sa yo nan kont. Tonton mwen pati douvanjou. Elifèt mete yon patch nan pantalon an. Manman mwen lwe yon pyès kay. Ti bebe a manke jèvrin. Oto a pase avèk tout vitès. Elèv yo rive an reta paske yo pa ka jwenn okazyon. Li la ? Ti pitit sa a se kanna.

11.- Mete yon mo antonim nan plas mo ki souliye yo. Epi fè yon fraz ak mo ou jwenn yo.

Grann li mouri andeyò. Valiz sa a byen lou. Misye gaya lontan. Manman Jàn renmen fè babako manje. Timoun yo chèlbè nan wòb sa a. Channmas chita nan kè kapital la. De moun sa yo nan kont. Tonton mwen pati douvanjou. Elifèt mete yon patch nan pantalon an. Manman mwen lwe yon pyès kay. Ti bebe a manke jèvrin. Oto a pase avèk tout vitès. Elèv yo rive an reta paske yo pa ka jwenn okazyon. Li la ?

7.- Pou chak mo franse yo, jwenn kòman pou ekri li an kreyòl.

/ ʒ /		/ ɲ /	
Mo franse	Ekivalan kreyòl	Mo franse	Ekivalan kreyòl
Rage		Muraille	

Barrage		Paille	
Tripotage		Éventail	
Page		Pays	
Lavage		Maïs	
Chantage		Aéroport	
Village		Yeux	
Ravage		Piller	
Mariage		Pillage	
Pillage		Trier	
Montage		Lumière	
Mixage		Cueillir	
Triage		Pièce	
Age		Premier	
Ail		Chantier	
Alliage		Cuir	
Langage		Cuisine	

Gwoup Pilye

Nan yon fraz nou jwenn de pati sa : **Gwoup Non** ak **Gwoup Pilye**. Pou nou jwenn Gwoup Predika a, nou poze kesyon sa a :

SA YO DI SOU SA YO AP PALE ?

Modèl : Elèv la fè devwa a.

SOU KILES YO AP PALE ? Repons : Elèv la.

SA YO DI SOU SA YO AP PALE ? Repons : fè devwa a.

Nan fraz : Elèv la fè devwa a.

1. **Gwoup Non** : Elèv la
2. **Gwoup Pilye** : fè devwa a.

Konstityan Gwoup Pilye

Anndan Gwoup Pilye a, nou jwenn de kategori predika : Predika-vèbal , Predika non-vèbal. Pou predika-vèbal la, nou jwenn yon pilye ki jwe wòl nwayo sèlman. Li pa janm jwe lòt wòl. Konsa, nan lang kreyòl la, pa genyen anpil inite ki konpòte li konsa. Men fòm nou jwenn nan gwoup la :

A.- **Predika vèbal** : obeyi, bay, konvoke, achte, … Timoun nan obeyi manman li.

B.- **Predika non vèbal :**

1.- **Predika adjektival** : malad, janti, bèl, … Egzanp : Timoun nan bèl.

2.- **Predika prepozisyonèl** : nan lakou a, nan legliz la, nan mache a
Egzanp : Timoun yo nan lakou a.

3.- **Predika nominal** : legliz, lekòl, pentad, timoun, kochon. Egzanp : Fidèl yo legliz. Egzanp : Ti gason an mouton.
4.- **Predika advèbyal** : isit la, la a. Egzanp : Timoun nan isit la.
5.- **Predika nimeral kadinal**. Egzanp : Kaye yo senk.

Kòman pou rekonèt yon pilye ?

Genyen 2 modalite (fason) :

1. **Modalite aspè – tan** ak " te " , " ap " , " pral "
   Fraz : Li ap manje. / Li te manje. / Li pral manje.
2. **Modalite fonksyonèl** (mwen, ou, li, nou, nou, yo)
   Mwen manje **Ou** manje **Li** manje
   Nou manje **Nou** manje **Yo** manje

Tip pilye

Yon pilye kapab endike yon eta oubyen yon aksyon
Egzanp: Zwazo a ap soufri.(**Eta**) Egzanp : Siyè ap siye planch. (**Aksyon**)

1.- Jwenn pilye ki nan fraz anba yo:
   a) Prekosyon pa kapon.
   b) Jozèt nan kouti.
   c) Grimèl la malad.
   d) Dife a wouj.
   e) Tout moun la.
2.- Li fraz anba yo. Endike nan kaze yo: pilye a, fòm predika a, tip pilye a.

Fraz	**Pilye**	**Fòm predika**	**Tip pilye**
Elèv la sal klas la ak papye.			
Asasen yo san valè.			
Li sa.			
Zouti yo dèyè kay la.			
Rivyè a ble.			
Chen an mechan.			
Tablo a adwat.			
Frè m nan Kanada.			
Manti pa metye.			
Jodi lendi.			

Mwen la maten an.			
Kay Jan an san baryè.			
Nou nan sezon siklòn.			
Prekosyon pa kapon.			
Mwen kay Janin.			
Mango bon nan bouch.			

Lèt

I.- Sèvi ak konvèsasyon sa a yon manman ki pa konn li genyen ak pitit li. Manman an mande pitit pou li ekri papa li nan non li pou ekspoze l sitiyasyon an anvan rantre lekòl la.

« Pitit mwen, ekri papa ou pou di li lekòl la pral louvri. Ou pa gen soulye, rad, liv. Ou ta bezwen pou li fè jan li konnen pou li fè ou pran yo. Li konnen mwen p ap travay. Se okipe m ka okipe ou, mwen pa gen lajan nan men m pou m achte tout koze sa yo. Di li m salye li. Li p ap pèdi sa. Lè ou gran, ou va remèt li sa.

II.- Sèvi ak enfòmasyon sa a. Se jou anivèsè manman m. Ekri li yon bèl lèt pou remèsye li pou sa li fè pou ou deja. Ou ap pwofite ankouraje li tou pou li ka kontinye ede ou. Ou ap di lè ou gran, ou ap remèt li sa li te fè pou ou.

III.- Lekòl pral rive, you nan paran ou yo bezwen èd. Li mande ou pou eri yon lèt pou li voye bay yon frè li ki ap viv aletranje. Reyalize lèt la, jwenn bon agiman pou konvenk moun nan pou li viye kòb la.

IV.- Rekomstitye lèt sa a. Jistifye poukisa se nan lòd sa a ou mete chak moso.

Chè Gladis,

Okap y ap mete ou nan estasyon an apeprè 15 mèt apre Baryè Boutèy. Pran yon taksi, fè li depoze ou Ri 8-H no 34.

Jilbèt

Kap Ayisyen, 29 Fevriye 2020

Pou ou vini, al pran machin nan estasyon Okap la, bò izin sik la (Asko). Chache bis ki make Pòtoprens-Okap Ayisyen paske estasyon sa a li pou machin ki mennen lòt kote tankou : Kabarè, Akayè, Monwi, Senmak, Lestè, Gonayiv, Pòdpè, elatriye.

M ap konte jou, m anvi wè ou.

Lèt ou a te fè m plezi anpil. M wè ou pa bliye mwen. M ap tou pwofite pou m di ou manman m ak papa m dakò. Nou tout te kontan nouvèl la.

Zanmi ou,

Pou debwazman ou t ap pale mwen an se yon gwo pwoblèm. Li va rezoud lè chak Ayisyen konnen se debranche pou yo debranche plis pase koupe pyebwa se pou yo plante plis pyebwa pase yo koupe.

Mzèl Jilbèt JIL
Ri 8-H no 34
Kap Ayisyen, Ayiti

V.- Imajine lèt Gladis te ekri Jilbèt la.

VI.- Yon ti ameriken menm laj ak ou ekri ou pou li mande ou pou prezante peyi ou a. Prezantasyon ou a konte anpil. Sa ka pouse li chwazi Ayiti pami lòt peyi li genyen pou vizite yo. Di li verite epi jwenn bon agiman pou pouse li vin fè vizit sa a.

VII.- Anpil ayisyen ta renmen kite peyi a pou y al chache lavi miyò. Ekri jèn parèy ou a yon lèt tou louvri pou pouse jèn parèy ou yo abandone lide sa a.

VIII.- Se anivèsè papa ou. Ekri li yon lèt pou di li bòn fèt. Epitou , pwofite remèsye li pou sa li fè pou ou.

IX.- Ayiti se peyi ou, ou sipoze renmen li. Ekri yon dirijan nan peyi pou remèsye li pou pou sa ki bon li fè deja. Epi pwofite ba li kèk lòt lide.

X.- Ekri yon bon zanmi ou ki ap viv Sendomeng. Ba li senk bon rezon pou pouse li pran desizyon pou li vin vizite Ayiti.

XI.- Yon vwazen ou mande ou pou ou fè yon lèt pou li. L ap voye l bay majistra zòn nan. Li ap di li kay li kraze nan tè a ki tranble a. Tè kote kay la te fèt la se pou li. Li ta bezwen yon bourad pou li achte bwa 2 pa 4 ak tòl, klou plis lòt materyèl ki gen pou wè ak nan koze kay. Li ta renmen pou majistra a pran ka li paske li bezwen yon kote pou li pare solèy ak lapli.

XII.- Yon paran nan katye a ki konnen ou al lekòl mande ou pou fè yon lèt pou li. Ou dwe ekri direktè lekòl pitit li a. Ou ap jistifye absans pitit li a nan lekòl la lendi dènye. Timoun nan te malad, kò li pa t bon menm. Konsa li pa te kapab vini lekòl lendi pase. Li mande direktè pou li ekskize li pou sa ki rive a. Li tou pwofite di pitit li a ap vini lekòl mèkredi. Li mande li souple pou asepte li nan klas.

XIII.- Yon tonton ki ap viv nan pwovens pran nouvèl ou t al pran kanè. Ou rive fè yon bèl mwayèn. Ou pral nan klas siperyè. Li ta renmen ba ou yon kado. Li di ou pou ekri li pou di li sa pou li achte pou ou.

Pòtrè / deskripsyon

I. Yon bon zanmi ou ap viv nan pwovens. Li vle vini lekòl Pòtoprens. Bati yon tèks pou prezante li vil yo rele Pòtoprens la.

II. Menm egzanp sa a pou Kap Ayisyen, Okay, Jeremi, Nip, Jakmèl.

III. Fè yon rechèch sou Peter REYNE (tyeke Le point de Radio Métropole). Bati yon tèks sou li. Sa ou panse ou menm de sa ou tande yo.

IV. Pi bon zanmi ou nan klas la pa konn papa ou. Bati yon tèks pou prezante li mesye a. Konsa li ap konn pèsonaj la byen fizikman ak moralman.

V. Manman ou ap viv nan peyi etranje. Li gen lontan li par antre nan peyi a. Bati yon tèks pou prezante li yon bon zanmi ou gen nan klas la.

VI. Papa ou voye ou vin lekòl Pòtoprens. Li pa te la lè rantte a t ap fèt la. Ekri yon tèks pou prezante li katye ou ap viv la.

VII. Bati yon tèks ou ap vin li devan klas la. Ou ap prezante yon manm nan fanmi ou ou renmen anpil. (aspè fizik, moral)

VIII. Sèvi ak lide sa yo pou bati yon tèks. Moun ou renmem nan klas la. Ou pral pwofite okazyon sa a pou prezante li. Li gen karakteristik sa yo:

   a. Li entèlijan : kòman li entèijan an ?
   b. Li janti : kòman li janti a ?
   c. Li bèl gason oswa bèl fi: Kisa ki fè li bèl ? detay
   d. Li tèktèk : Kòman li fè tèktèk / detay
   e. Li gen bon kè : Kisa ki fè ou di li gen bon kè ?
   f. Tout tèks la chita sou koze sa a. Ou vle montre moun ki pral li tèks la, ou renmen moun sa a pou tout kalite sa yo.

IX. Sèvi ak eleman sa yo pou bati yon tèks.

   a. Asefi se yon elèv nan lekòl la. Li ap fè 9ème Ane Fondamantal
   b. Li bèl : cheve nwa, dan blan , bèl wotè, li pa ni gwo ni piti.

c. Li entèlijan : li konprann vit, li aplike, li toujou ap fè rechèch, li an avans sou lòt elèv yo

X. Sèvi ak eleman sa yo pou bati yon tèks :
   a. Gilèn gen 15 zan. Li ap fè 9ème Ane Fondamantal
   b. Li janti e byen elve.
   c. Li gen bon kè epi li renmen pataje.
   d. Li antrede ; li pa pi bèl e li pa pi lèd tou.
   e. Li se chouchou klas la.

XI. Chwazi yon gason oswa yon fi nan klas la pou fè pòtrè li. Chwazi nan eleman sa yo yo pwopoze ou a.

Anvan ou kòmanse, pran nòt sou :

Konpòtman li : si li takinè, sansib, renmen pataje, fouyapòt, lestomak glise, janti
Fizikman : wo, kout, gwo, kout foule, mens,
Entèlijan, pa serye, mantè, dyòlè, …
Eksplikasyon : kèlkeswa mo ou chwazi a se li tèt paragraf la. Egzanp : si li entèlijan. Fòk ou vini ak eleman pou pwouve poukisa li entèlijan. Mo a an li menm pa eksplike tèt li.
Si li bèl : Ki kritè pou ou ki fè yon moun bèl ? nen, zye, vizaj, wotè, …
Janti : Kisa ki fè ou di li janti. Se ou ki pou pwouve ak pwòp mo pa kote ou vle mennen moun ki pral li tèks la.

Resi

Chema naratif . Tèks la chita sou : Avanti, fantastik, kont, lejann

Sitiyasyon inisyal

Se kòmansman istwa a. Yo prezante ou :

Kilès ? (pèsonaj yo)

Kisa ? (Kontèks la)

Kibò ? (Kote a)

Kilè (Moman an)

Evènman gatesa

Yo prezante pwoblèm nan , evènman ki vin twouble lapè nan kòmansman an, aksyon ki fè istwa a demare a.

Bridsoukou ….

Peripesi

Aksyon pèsonaj yo fè pou retabli lapè, yon fason pou jwenn yon solisyon

Aksyon yo pa fonksyone.

Kèk jou apre, …. Nan landemen, …konsa …,

Solisyon an

Aksyon ki fonksyone, ki retabli sitiyasyon an, ki bay yon eksplikasyon.

Finalman, ...

Anfen, ...

Erèzman, ...

Sitiyasyon final

Li montre kòman evènman an chanje lavi pèsonaj yo.

Pi devan, alavni, sa pèsonaj yo tounen nan vi yo.

Depi jou sa a, ...

I.- Byen li tèks la. Dekouvri epi mete devan chak eleman sa yo enfòmasyon ki gen pou wè ak chak pati sa yo :

a) Sitiyasyon inisyal
b) Evènman gatesa
c) Prensipal aksyon yo
d) Rezolisyon
e) Sitiyasyon final

Jou devas Allen

Benè se yon vil nan depatman Sidès. Li chita bò lanmè. Li depann de Jakmèl, pi gwo vil nan depatman Sidès la. Abitan nan zòn nan fè aktivite kòmès sitou pou fi yo. Gason yo okipe de kilti ak elvaj. Vil la menm chaje ak kokoye. Negosyan chita nan bèl kay pou yo achte kafe. Zòn nan se yon paradi. Bon van lanmè, anpil manje. Syèl la ble tankou digo.

Nou leve yon jou maten. Nou wè tan an lèd. Gen yon ti van ki kòmanse soufle piti piti ak yon ti lapli. Se te on madi 5 Out 1980. Te gen anpil moun ki te ale nan mache. Toutan yo nan mache a, yo tande, y ap fè vit pou yo ale lakay yo.

Mezanmi, rive rive, antre pa sòti. Yon sèl van mangonmen ak lapli. Pyebwa yo koumanse pati adwat agòch. Tout moun rete anndan kay pa soti. Sa ou tande a, bwa koumanse kraze. Dlo koumanse ap desann tankou gwo larivyè. Bagay yo rele veritab, sa pa kanpe. Zaboka, kokoye, chadèk grennen tankou grenn pitimi. Lè van an fin kraze tout pyebwa : li koumanse vide kay atè. Bèt ap mouri. Vant papa ak manman koumanse ap bouyi. Timoun ap kriye pou manje. Kay ap kraze. Yo pa konnen kote y ap fè. Lè yo wè se toutbon, yo ranmase tout bagay; yo chape poul yo. Yo ale nan vwazinay.

Nan vil la menm, lanmè a monte disèt wotè. Li kraze dènye ti kay malere yo nan vil la. Gwo magazen, gwo boutik, lè yo voye je yo, yo wè tout bagay ap pase sou lanmè. Yo tande anmwe adwat, agòch. Ti malere yo ap rele. Yo pa konn kote y ap bay tèt yo.

Li vin fè yon ti kalme jouk yè minwi.

Demen maten, lè yo ap leve, yo wè peyi a blanch.

Marie Thérèse (Moun Bènè)

II.- Bati yon tèks naratif. Ka yon timoun ki leve nan lavi difisil. Pandan li lekòl, li rankontre yon moun ki pral chanje lavi li. Konsa li vin konn sa ki rele bonè.

III.- Okay, youn nan vil prensipal peyi Ayiti. Tèt depatman an, lòt vil yo, komin yo, seksyon riral yo, vèt tankou powo si tèlman yo chaje ak pyebwa. Vil la repite pou plaj li yo sitou Jele. Genyen yon seri gason ak fanm ki kwè nan tèt yo kòm antreprenè. Yo envesti tout sa yo genyen nan zòn nan. Moun yo akeyan anpil. Gen anpil ansyen kay akote nouvo kay yo. Vil la plat tankou yon teren foutbòl.

Tankou tout jou, 14 Out 2021, vil la t ap pare pou li al kale banda. Pote lespwa bay pitit li yo, bay sa ki pa manje manje, fè kèk rèv tounen reyalite. Beng ! 8è30 nan maten. Bridsoukou, tè tonbe tranble.
Kontinye resi a….

IV.- Sèvi ak plan sa a pou fè yon resi …
Manich, yon komin nan depatman sid la
14 Out, tè a tranble
Peripesi:

a. Moun mouri
b. Kay kraze
c. Moun disparèt
d. Apre 15 jou, nan chache moun ki disparèt, sovtè yo al tonbe sou yon gwoup moun ki te kwense nan yon gwo kay.
e. Apre anpil traka, yo rive sove yo

Moun nan zòn nan pran rezolisyon pou pa konstui menm jan an ankò.

V.- Sèvi ak eleman sa yo pou fè yon resi.

Jozèf, 16 lane, ap viv Fesa, nan lokalite Laboul. Apre 6ème ane li, paran rantre ak li nan vil Pòtoprens pou li kontinye etid li. Li rankontre ak Asefi ; yo vin zanmi.
Imajine suit la…..

VI.- Jozefin, yon sèl pitit yon manman genyen. Li al fè 9èm ane nan lise Nasyonal Petyonvil. Nan lekòl sa a, li rankontre ak Leyon. Yo vin de bon zanmi. Youn pwomèt lòt, apre yo fin fini klas yo, epi yo aprann yon metye, yo pral fè vi yo ansanm.
Imajine rès la pou bati yon resi

VII.- Leyon se pitit Franswa ak Adlin. Yo lekòl nan kolèj Avni. Dabitid Leyon toujou rantre chak 2è apre lekòl lage. Jou vandredi 15 jen an, li fè 6è. Paran Leyon pa wè tras li. Yo lage pawòl la nan zòrèy moun nan katye a. Tout moun tonbe chache. Yo ale lopital, nan pòs polis. Se lè li fè 10 zè telefòn paran yo sonnen. Yo bon kretyen

vivan di yo pou yo vin chache pitit la lakay yo paske li te endispoze bò lakay yo. Kòm paran, yo pa te abandone li. Yo t ap ba li swen.

VIII.- Reyalize ak pwòp eleman pa ou, yon resi.

IX.- Reyalize yon resi sou de (2) bon zanmi ki nan klas la. Fè yon evènman pase kote amitye vin gate. Apre anpil tantativ zanmi pou yo vin rekonsilye, genyen yon dènye aksyon ki pral fè sa mache. Pou fini, yo vin byen.

X.- Bati yon resi kote ou ap imajine nan sitiyasyon inisyal la lavi a pa te bon pou yon nèg. Anpil aksyon vin poze kote nan dènye aksyon an sitiyasyon an pral chanje an byen.

XI.- De vwazinay te byen anpil. Yon aksyon vin pase, yo vin lènmi. Apre anpil negosyasyon, sitiyasyon an vin chanje an byen. Imajine suit la pou reyalize yon resi.

XII.- Ou konnen de (2) zanmi ki pa te byen. Yon aksyon vin poze. Yo rekonsilye. Anpil bèl bagay vin pase nan vi yo. Yo vin konnen bonè.

XIII.- Bati yon tèks naratif. Ka yon timoun ki leve nan lavi difisil.Pandan li lekòl, li rankontre yon moun ki pral chanje lavi li. Konsa li vin konnen sa ki rele bonè toutbon vre a.

Reprezantasyon an pyebwa

I.- Jwenn ki pyebwa ki matche ak chak fraz ki anba yo:

1. Mèt la jwenn repons la.
2. Elèv la jwenn tout repons yo.
3. Nèg pale.
4. Misye pale anpil.
5. Nèg la ap travay ak patwon an.
6. Poul nwa a ponn de ze.
7. Madanm nan lwe enjenyè a kay la.
8. Yon nèg pote tifi a.
9. Fi a pote tigason an.
10. Li prete mwen yon kreyon.
11. Li pote kaye a pou mwen.
12. Li ap chache repons la.
13. Li ap jwenn tout repons yo.
14. Tifi a malad.
15. Nèg la nan chanm nan.
16. Li wè mwen maten an.
17. Li ale nan plaj la.
18. Nèg la lopital.
19. Pwofesè a bliye korije a.
20. Anpil moun wè palwa a.
21. Liv la rete sou tab la.
22. Elèv yo devan.
23. Li achte de liv matematik.
24. Li pa jwenn kèk repons.
25. Elèv yo efase tablo a.
26. Mwen bliye devwa a lakay.
27. Pwason an manke sèl.
28. Mwen pral vizite malad yo.
29. Timoun yo renmen tonmtonm.
30. Konpayèt jeremi yo bon.

Apwòch kontrastiv / 2 lang ki ap viv nan menm kay

I. Fòm pasiv

Tradui fraz sa yo an franse :
Jak lave machin nan.
Machin nan lave.
Yo lave chemiz nan ak fab.
Chemiz la lave ak fab.

II. Konstriksyon ak doub konpleman

Leyon bay timoun nan yon kaye.
Leyon pote kaye a pou pwofesè a.
Mwen voye yon lèt bay direktè a.
Jak montre Leyàn repons yo.

Fè yon fraz ak vèb sa yo epi mete fraz ou tradui yo an kreyòl .
donner, montrer, prêter, rendre, prendre, demander, emprunter, voler, dire, annocer, promettre, raconter

III. Konpleman sikonstansyèl

a) Tradui an franse:
Pyè ap jwe nan lakou a.
Jak ap travay lapòs.
Asefi ap benyen larivyè.
Jak poko pral lekòl.
Mwen wè li lekòl.

b) Tradui fraz sa yo an franse:
Mwen pa sonje non katye a.
Misye pa obeyi papa l.
Ou pa reponn kesyon no 3.
Mwen reve tonton m.
Papa m vle ekri direktè a.
Frè mwen an konn moun sa yo trè byen..
Yo soti nan peyi Giyàn.
Li soti nan salon an.

IV. Jan

Jwenn ekivalan mo sa yo an franse:
Kouzen, kouzin, kwafè, kwafèz
Yon kouzen, yon kouzin
Sa ou panse nan fason de lang yo jere jan an.

V. Detèminan

Idantifye tip detèminan ki nan mo sa yo:
Nèg la, yon nèg (se detèminan atik defini, atik endefini)
Moun nan
Fi sa a

De nèg
Plizyè moun
Ki nèg ?

VI. Atik patitif

a) Tradui an kreyòl

J'ai bu du jus.
Elle veut de la glace.
Je veux du riz.
Apporte-moi de l'eau.
Je veux des haricots rouges.

b) Tradui an franse

Li gen diri.
Li pa gen diri.
Li gen lajan.
Li pa gen lajan.
Li gen ze.
Li pa gen ze.

VII. Ekspansyon non

a) Ajoute yon adjektif pou fè gwoup non sa yo pi long epi mete gwoup non ou jwenn nan an franse.

Yon kay. Yon bèl kay.
Machin nan
Yon kay
Wòb la
Chemiz la
Yon gason
Yon fanm
Yon fi

b) Ajoute yon non oswa yon gwoup non sou gwoup non ki la a epi tradui gwoup ou jwenn nan an franse

Chemiz la chemiz pwofesè a.
Machin nan
Kay la
Jaden an
Yon jaden
Yon plat
Yon mayi

c) Ajoute yon pwopozisyon relativ sou gwoup non pou li vin pi long epi tradui an franse nouvo gwoup la.

Fi a Fi ou te rankontre a. Fi ki te nan menm lekòl ak ou a.
Kaye a

Nèg la
Chemiz la
Lekòl la
Yon liv
Moun nan
Vil la
Chèf la
Pantalon an
Soulye a

VIII. Plas pwonon

a) Tradui an franse
Mwen wè Jozèf.
Mwen wè l.
Mwen pale ak Jozèf.
Mwen pale ak li.
Mwen prete Pyè liv la.
Mwen prete liv la.
Mwen prete l li.
Pyè remèt mwen liv la.
Pyè remèt mwen li
b) Tradui an franse
Li bwè dlo.
Li bwè l.
Li manje diri.
Li manje l.
Mwen bezwen kreyon an.
Mwen bezwen l.
Nou pale de aksidan an.
Nou pale de li.
Nou pa pale de aksidan an.
Nou pa ale de sa.
L ap sonje sa ou te di li a.
L ap sonje sa.
Mwen pral legliz. Ou prale tou.

IX. Ekspresyon refleksivite

Tradui an franse

Mwen pa bat kò mwen
Ou pa bat kò ou
Li pa bat kò li
Nou pa bat kò nou
Nou pa bat kò nou
Yo pa bat kò yo.

Mwen pa vante tèt mwen
Ou pa vante tèt ou
Li pa vante tèt li
Nou pa vante tèt nou
Nou pa vante tèt nou
Yo pa vante tèt yo

Mwen defann mwen
Ou defann ou
Li defann li
Nou defann nou
Nou defann nou
Yo defann yo

X. Pwonon kantifikatè

a) Tradui an franse

De moun vini.	De vini.
Anpil moun vini.	Anpil vini.
Mwen wè twa machin.	Mwen wè twa.

b) Tradui an franse fraz sa yo. Sa ou panse de fason de lang yo jere fraz yo.
Pyè nan lakou a.
Pyè ak frè li.
Pyè tankou yon bègwè.
Pyè lekòl.
Pyè lopital.
Pyè legliz.
Pyè sinema.

Pyè la
Pyè lwen.

Ou se timoun.
Li se mekanisyen.

Ou timoun toujou.
Ou bourik.
Ou pentad.
Ou mekanisyen.

c) Tradui an franse

Yo ap voye wòch	Wòch ap voye.
Mari ap kuit manje a.	Manje a ap kuit.
Jak ap fè travay la.	
Travay la ap fèt.	

XI. Konstriksyon pwonominal

a) Tradui an franse

Jòj ap gade kò li nan glas la.
Li ap poze tèt li kesyon.

Jòj ak Flòsi, youn ap gade lòt.
Jòy ak Flòsi, youn ap poze lòt kesyon.

Epis ap vann nan mache.

b) Fè fraz ak vèb sa yo epi tradui fraz ou fè yo an kreyòl.

S'asseoir	chita
Se baigner	benyen
Se battre	goumen
Se coucher	kouche
Se fâcher	fache
Se lever	leve
Se promener	pwonmennen
Se souvenir	sonje

c) Tradui fraz sa yo an franse

M ap lave men mwen.
L ap fwote zye li.
Lave men ou !

XII. Konstriksyon enpèsonèl

Tradui an franse

Li fè cho.
Gen moun ?
Lapli ap tonbe.

Tradui an franse

Ou pa renmen benyen larivyè ?
Chak jou Jak leve bonè.
Nou pa sonje non li ?
Zòtolan an poze sou pyebwa a.
Se Pyè ki okipe timoun yo.
Apolin al kouche a dizè.
Chita !
Pyè ak Jak toujou ap goumen.
Atansyon ou ap blese.
Poukisa l ap grate konsa.
Wouch ! M blese.
Sèvi tèt nou!
Defann tèt ou!
Prese!
Pa bliye lave dan nou!
Se pou ou koupe zong ou !

Li kase bra li.
Mwen koupe dwèt mwen.
Jak frape tèt li nan tab la.
Ale lave men nou !

XIII. Nwayo ki eksprime pwosè

Tradui an franse
Peyizan se moun ki travay anpil.
Leyon ap travay.

Leyon travay anpil. Li fatige.

Jòy t ap travay lè nou rive a.

Jòy te travay isit lè lite jèn.
Jou sa a Jòy te travay anpil: li e bouke

Jòy pral travay plis.

Jòy ap travay pita.

Jòy va travay depi li pa malad.
Si Jòy te sòti mwens, li ta travay plis.
Si Jòy te sòti mwens, li t ap travay plis.

XIV. Nwayo ki pa eksprime pwosè
Tradui an franse
Jòy pè

Jòy te pè.

Jòy pral pè.

Jòy ap pè toutbon.

Si Jòy wè sa, l a pè.
Si Jòy wè sa, l ava pè.

Si Jòy te wè sa, li ta pè.
Si Jòy te wè sa, li t ap pè.

Si li te vini, mwen ta kontan.

Si li te vini, mwen t ap kontan.

Pwonon yo

Yon pwonon se yon mo ki ka ranplase yon non, yon gwoup non, yon pwopozisyon. Ou kapab distenge pwonon, pèsonèl, pwonon relatif, pwonon entèwogatif, ak pwonon endefini.

A.- Pwonon demonstratif

Pwonon demonstratif	Fraz / egzanp
Sa	Sa di anpil.
Sa a /sila a	Pa di sa a.
Sa yo / sila yo	Nou p ap manje sa yo.

Syèk sa a pa dous ditou. Se sa a mwen vle. (Pwonon)
Sa yo pa donnen ankò. (Fonksyon : sa a se sijè)
Nou pa vann sa a. (Foksyon sa a se konpleman dirèk)

Kesyon:

1) Ki diferans ki genyen ant pwonon pèsonèl ak pwonon demonstratif ?
2) Kisa yon pwonon ye ? Konbyen ki genyen ?
3) Kijan ou kapab rekonèt pwonon ak detèminan demonstratif yo ? Site yo.
4) Konbyen fonksyon yo kapab genyen ? Kilès yo ye ? Fè de fraz pou chak.

B.- Pwonon posesif

Vini ak egzanp pa ou pou ranpli tablo a.

Pwonon posesif	**Egzanp / Fraz**
Mwen / mwen an	Pa mwen an toujou pi bèl.
Ou / ou a	Pyè achte pa ou a.
Li / li a	
Nou / nou an	
Nou / nou an	
Yo / yo a	

Kesyon:

1) Site pwonon demonstratif yo
2) Site pwonon posesif yo
3) Ki wòl yo jwe nan yon fraz ?
4) Bay ki fonksyon yo kapab genyen ? Kijan ? Bay 2 egzanp pou chak.
5) Kijan ou kapab diferansye detèminan yo ak pwonon yo ?

a)

1.- Mete pwonon posesif yo an franse.

2.- Souliye pwonon posesif yo, mete kwa anba detèminan posesif yo.

a) Katye mwen an fin depafini, men pa li a byen bèl.
b) Leta pa vle fè pa nou an.
c) Zoranj pa mwen an mouri, pa nou yo byen mi.
d) Pa yo a pa gen anyen.
e) Sa pa fè anyen si nou pa wè pa li yo.

b)

1.- Ranplase mo ki souliye yo pa yon pwonon demonstratif
   a) Chat la ap monte pyebwa a.
   b) Elèv yo ap etidye leson istwa.
   c) Ki liv ou vle a?
   d) Jak manje diri a.
2.- Bay fonksyon pwonon demonstratif sa yo.
   a) Pa fè mwen sa ankò.
   b) Sila a bèl anpil, vann mwen li.
   c) Nan tout pyès yo, sa ap pi dirab.
   d) Ki sa ou vle a?
   e) Li pa renmen sa yo ditou.
3.- Pase yon trè anba detèminan demonstratif, 2 trè anba pwonon demnstratif.
   a) Pyè ap fè cheve m ak tondèz sa a.
   b) Se pou nou sa yo.
   c) Limyè sa a klere tout lannwit.
   d) Fòk ou pa achte chodyè kreve sa a.
   e) Bèl moun sa yo pa ta dwe mouri.
   f) Manman m sa a genyen sou li papa !
   g) Yo fè li travay sa a, men li pa ta vle a.
4.- Mete egzèsis nimewo 3 nan lang franse.
5.- Eseye fè poukont ou 10 fraz kote ou sèvi 5 fwa avèk detèminan demonstratif yo, 5 fwa avèk pwonon demonstratif yo.
6.- Konplete tablo a ak pwòp fraz pa ou.
7.- Mete fraz fraz nimewo 2 a an franse.
8.- Ekri yon tèks kote ou ap sèvi anpil ak pwonon posesif yo, ak detèminan posesif. Pase youn ak 2 trè anba yo.

C.- Pwonon relatif

Pwonon relatif	Egzanp / fraz
Ki	Moun ki sèvi Bondye ap sove.

Yo toujou mache apre non an e devan yon predika. Pwonon relatif «ki» okipe fonksyon sijè

Ki: toujou genyen fonksyon sijè.

Li retire pyès ki pa bon nan machin nan.

Egzèsis

Konstui 10 fraz ak «ki» kòm pwonon relatif.

Nan fraz sa yo, pase trè anba pwonon relatif yo epi bay fonksyon yo.

Radyo ki gen pil nèf jwe fò.

Koulèv ki gen ke pa janbe dife.

Chèf ki serye respekte pwomès yo.

Fè 2 fraz senp sa yo tounen yon fraz konplèks pandan ou ap sèvi ak pwonon relatif «ki»
Bannann nan jwenn bon tè. / Bannann nan donnen anpil.
Kle a pa te bon. Kle a kase.

D.- Pwonon endefini

Pwonon endefini	Fraz / egzanp
Chak	
Tout	
Plizyè	Nan tout mango yo, mwen pran plizyè.
Nenpòt	
Anpil	
Pèsonn	Pèsonn pa rete isit la ankò.
Okenn	
Divès	

Egzèsis
1.- Fini ranpli tablo a ak fraz pou sèvi egzanp.
2.- Konstui fraz pou kont ou kote yon pòsyon kapab genyen fonksyon sijè, yon lòt fonksyon konpleman.
3.- Nan fraz sa yo, mete yon trè anba detèminan endefini, de (2) trè anba pwonon.
   a) Chak moun fè zafè yo jan yo konnen.
   b) Tout pouri nan bwat la.
   c) Anpil moun te la men yo pran nenpòt.
   d) Okenn elèv pa fè mwayèn yo, plizyè fache pou sa.
   e) Jak renmen anpil.
   f) Divès patat pèdi lavi yo.

Tèks agimantatif

Agimante

Tèks demonstratif sèlman

Ou dwe bay pwòp opinyon pa ou sou yon sijè.
-Mete nan entwodiksyon an sa ou pral di epi tou di poukisa.

- Devlope ide ou yo, youn pa paragraf. Vini ak egzanp pou kore yo. Atansyon ! pa bay egzanp sèlman, vin ak agiman pou kore sa ou ap di a.
- Gade pou fraz nan finisman paragraf la mare lojikman ak fraz ki nan kòmansman lòt paragraf la.

Pou fini ak demonstrasyon an, ou dwe vini ak yon tèm ki montre toutbon se pati final tèks la.
Pa bliye : yon paragraf pou chak ide.

Tèks kontradiktwa

Pou tip tèks sa a, ou dwe vini ak **pou** ak **kont** anvan ou rive nan sentèz la.
Nan entwodiksyon an ou dwe jistifye sa ki fè ou ap trete sijè a. Poze twa (3) kesyon :
Eske genyen agiman an favè ? ki agiman sa yo ?
Eske genyen agiman kontrè ? Ki agiman sa yo ?
Eske ou kapab mare agiman an favè oswa agiman kontrè yo ?
Pou devlope ide ou yo, suivan kesyon ou te poze yo, paragraf pa paragraf tankou pou sijè anvan an, vini ak agiman solid pou kore ide yo
An 3ème pati, jwenn mwayen pou mare tèz yon fason pou rive ak sentèz solid.
Konkli pou kapab vini ak yon lòt agimantasyon.

Zouti yo :

Nan tout tip devwa ki chita sou agiman yo, sèvi ak batri lyen lojik sa yo:
Adisyon ak resanblans : epi, an plis, de menm, premyèman, dezyèmman, tou, etsetera
Koz ak eksplikasyon : konsa, paske, puiske, etan done
Konsekans ak konklizyon : anfen, vwala
Opozisyon ak kontradiksyon : men, okontrè, poutan, sepandan, byenke, menmsi
Pa bliye : pa gen agimantasyon san konektè lojik

I. Soufrans Ayiti ap fini lè dirijan Ayisyen yo pran responsablite pou rezoud de (2) pwoblèm sa yo: amenaje peyi a kont tè a ki ap tranble a, amenaje peyi a kont sezon siklòn nan.
    a. Agiman 1
       Nou pa ka prevwa tranbleman tè men nou ka konstui solid ak lejè pou lè a tranble pou li pa touye, kraze, ...
    b. Agiman 2
       Nou konnen chak ane, siklòn ap pase. Nou pa konnen kilè yo ap fè dega. Nou ka konstui pou kay yo reziste kont fòs van ak inondasyon.
II. Eske tout Ayisyen ta dwe aprann franse sèlman oswa kreyòl ? Vini ak agiman pou defann chak lang yo. Epi bay opinyon pa ou.
III. Eske yon elèv ta dwe renmen manman l plis pase papa l ? Devlope agiman pou chak moun yo epi pran pozisyon pa ou.
IV. Yon paran ki renmen pitit li pa ta dwe ba li telefòn. Montre a) bon kote telefòn nan b) move kote telefòn nan. Bay opinyon pa ou.
V. Fèt manman genyen plis enpòtans pase fèt papa. Vini ak agiman pou defann chak pozisyon. Bay opinyon pa ou.
VI. Montre pou ou ayisyen tout bon, ou dwe a) renmen istwa peyi a b) konnen kilti peyi a.

..

Etid tèks

Ministè anviwònman pa gen lontan depi yo kreye li. Wòl li se fè aplike politik gouvènman an nan kesyon prezèvasyon ak reyabilitasyon anviwònman an. Li gen pou trvay pou amelyore kondisyon popilasyon an ap viv la, epi pwoteje tout sistèm ekolojik la pou nou kapab rive nan sa yo rele yon devlopman dirab.
Pwoblèm anviwònman yo an Ayiti pa piti. Pwoblèm ki merite jwenn yon solisyon tousuit se:
Feblès enstitisyon ki gen arevwa ak kesyon anviwònman an,
Debwazman ak ewozyon,
Anpil kote nan peyi a ki fin tounen yon savann dezole,
Sous dlo k ap seche, san konte mikwòb k ap anvayi yo,
tout kalite malpwòpte yo ki anvayi lari yo nan tout vil yo,
tout seri pyebwa ak zannimo k ap disparèt.
Ministè a deja kòmanse yon gwo travay sansibilizasyon nan òganize deba, refleksyon, seminè fòmasyon sou anviwònman. Li fè piblisite nan radyo. L ap travay pou l mete kanpe yon plandaksyon sou anviwònman, kote y ap ranmase konsèy, kritik, sijesyon tout moun nan 9 depatman peyi a. Se yon fason pou travay ki pral fèt yo kapab chita sou reyalite chak zòn, chak komin, chak depatman.

Batay pou sove anviwònman se pa yon zafè ki konsène leta sèlman. Se tout popilasyon an ki pou mete men pou pwoteje sa ki poko gate, epi ranplase sa ki manke. Se yon gwo batay pou n fè pou n rive chanje konpòtman nou vizavi tout sa ki antoure nou : pyebwa, sous dlo, lanmè, zannimo, lè nou ap respire a.

A.- Etid tèks / Premye pati

Mete yon trè anba bon repons la:

1. Tèks sa a se yon: a) kont b) deskripsyon c) dokiman d) woman
2. Selon tèks la, Ministè Anviwònman okipe:
   a) rebwazman ak resous yo b) pwoteje ak rebwaze anviwònman peyi a
   c) prezève ak remete nan bon kondisyon anviwònman peyi a
   d) sove sous dlo nou yo ak rekondisyone forè nou yo.
3. Fason Ministè Anviwònman an montre li vle :
   a. pou popilasyon an pran sou responsabilite li pwoblèm anviwònman peyi a
   b. pou leta rive bay mwayen pou tout moun ka travay
   c. pou timoun yo mete men nan kesyon rebwazman an
   d. pou tout moun alawonnbadè pote kole nan batay pou sove anviwònman an.

B.- Dezyèm pati: Vokabilè – Gramè

4. Eksplike mo sa yo:
   a) dezole b) ekoloji c) seche d) seminè e) arevwa f) sijesyon

5. Sèvi ak mo sa nan yon fraz senp. Mete yo nan pozisyon KOD (Konpleman Objè Dirèk)
   Anviwònman b) Reyalite c) Debwazman
6. Dekoupe fraz sa yo an de gwoup: Gwoup Sijè (GS) + Gwoup Predika (GP)

No	Fraz	Gwoup Sijè	Gwoup Predika
1	Dlo enpòtan anpil pou po nou.		
2	Bisiklèt nèf li a koute chè.		
3	Y ap manje manje a.		
4	Tout moun te la.		

7. «Lè vant cht plen, ke rat anmè.» Pwovèb la vle di, lè yon moun satisfè, li:
   a. ----------vin renmen jwe.
   b. ----------vin renmen kritike.
   c. ----------vin renmen ri.
   d. ----------vin renmen apresye.

8.- Nan tèks la, yo pale sou pyebwa ak zannimo k ap disparèt. Ekri Minis Anviwònman an pou mete li okouran sa ou obsève nan zòn lakay ou. Fè li kèk pwopozisyon pou li ede moun nan zòn nan bay anviwònman an enpòtans . (20 / 30 liy)

9.- Jwen sinonim mo sa yo:
   Debwazman, òganize reflechi manke amelyore

10.- Jwenn epi ekri fonksyon mo oswa gwoup mo ki souliye nan fraz anba yo:

a) Timoun nan achte yon kreyon amten an.
b) Li mande papa li yon plim.
c) Li ap danse ak zanmi li.
d) Chapo pwofesè a tonbe.
e) Timoun nan malad.
f) Li lwe madanm nan kay la.

11.- Li tèks la byen epi mete siy ponktyasyon ki manke a.

- Kouman ou ye
- Mwen byen E ou menm
- M ap boule
- Mwen pa pran nouvèl sè ou Eske li fè mye
- Li gaya men li kontinye pran remèd
- Bon Mwen byen kontan fè yon ti pale ak ou N ap wè pwochèn fwa
- N a wè Salye lòt moun yo pou mwen
- Mwen p ap manke Babay
- Babay

Afrik

An Afrik jodi a ak Afrik demen an, metye agrikiltè gen menm enpòtans ak richès anba tè. Souvan se sèl richès kèk peyi genyen. Kidonk fòk kilti tradisyonèl la mòdènize pou li kapab bay plis rannman.

Pou ede peyizan yo chanje teknik zansèt yo te montre yo, fòk gen moun ki konpetan. Se wòl moun yo rele ankadrè yo. Nou rankontre yo nan gran zòn eksplwatasyon agrikòl modèn ki fèk ap devlope sou bò lak Tchad la.

Byen lwen nou wè ankadrè yo k ap diskite ak plizyè ti gwoup. Nan yon bout tan manm gwoup la ale nan travay yo. Yo simen, yo wouze osnon yo rekòlte.

Ankadrè yo se gid ki gen anpil enpòtans. Yo itil peyizan yo. Yo ba yo eksplikasyon sou sa yo dwe fè : “yo di yo ki kantite ble osnon sereyal pou yo simen, distans pou yo respekte, selon tè a, kòman pou yo itilize ensektisid, kantite dòz la ak konbyen fwa”.

Travay sa a parèt fasil, poutan li difisil. Tankou youn nan dis jèn ankadrè k ap travay nan eksplwatasyon an deklare : nou oblije verifye, souvan si peyizan yo aplike konsèy yo paske yo pa konn koute nou. Yo prefere itilize metòd pa yo ki pa toujou bon pou agrikilti modèn nan.

Fòk gen anpil pasyans enpi anpil taktik ou deplwaye pou fè yo asepte ou: “objektif nou se edike peyizan yo pou yo kapab debouye tèt yo pou kont yo”.

Pou rive ede peyizan yo patisipe nan devlopman pwòp peyi yo, fòk ou menm, ou resevwa yon fòmasyon solid lè ou fin pase ak siksè B.E.P.C . Fòk ou ale nan lekòl agrikilti

pannan twazan. Lekòl sa yo nan plizyè peyi ann Afrik la : sitou Tchad, Senegal, Kamewoun, Kotdivwa, Mali, Benen.

Pannan de premye ane yo, fòmasyon an sitou jeneral. Nou fè mat, fizik, chimi. Sa pèmèt nou konprann konpozisyon pwodwi yo ki pral sèvi pou agrikilti a: ensektisid ak angrè pa egzanp. Nou etidye tou botanik pou nou aprann konnen tout kalite plant ak plant yo menm. Pannan twazyèm ane a, elèv yo plis etidye kilti twopikal yo : pitimi, sògo, mayi.

Men sa ki enpòtan, se pa sèlman konnen plant yo men fòk ou konnen kòman pou ou kiltive yo tou. Se poutèt sa elèv k ap swiv kou yo, yo aprann yo plante selon nati teren an, ki distans ki dwe genyen ant plant yo pou yo kapab pouse pi byen.

Aprann jere yon fèm enpòtan tou : fòk ou konnen kòman pou balanse kont yo, konpare resèt ak depans yo. Sa ap pèmèt ou konnen kisa ou ap kapab achte avèk lajan rekòt la ap rapòte ou a.

Yon ansyen elèv ankadrè eksplike nou enterè pratik la nan aprantisaj la : “nou dwe aprann peyizan yo transfòme metòd tradisyonèl yo a. Pou sa rive fèt, fòk nou kòmanse fè eksperyans yo nou menm. Se poutèt sa nan lekòl nou an te genyen jaden. Chak elèv te responsab yon pati nan jaden an pou li travay, pou li pran swen, pou li rekòlte li. Nou te fè aborikilti : nou te taye pyebwa a yon fason pou li bay plis fwi. Nou t aprann tou òtikilti; nou te kiltive legim, tomat, berejèn ki dwe byen bèl. Kilti sa yo enpòtan anpil pou peyizan yo paske l ap pèmèt yo fè lajan, lè yo vann yo sou mache a, kidonk sa ap pèmèt yo viv pi byen. Nou genyen moun tou k’ap fè estaj nan fèm yo tou pou konplete fòmasyon pratik”.

Pou moun ki vle fè yon etid pi pouse enpi genyen plis responsabilite, yo kapab eseye jwenn grad kondiktè travay. Aprè bakaloreya enpi de ane edmi fòmasyon espesyal. Yo kapab responsab, dirije kilti a sou yon gran bitasyon enpi y’ap genyen ankadrè sou zòd yo.

Daprè Metye Agrikilti,
Kalawo, me-jen 1979

A.- Etid tèks

Tès : 1e pati

1.- Mete “V” si se vre, “PV” si se pa vre :

……..Peyizan yo pa konn vle metòd agrikòl la.
……..Dapre tèks la peyizan bezwen konn plante sèlman.
……..Metòd agrikòl peyizan yo gen valè anpil.
……..Leson òtikilti ankadrè yo fè plant nou yo bay anpil fwi.
……..Yo di nan tèks la pa janm gen ankadrè enkonpetan.
……..Aborikilti pèmèt nou fè anpil fwi.
……..Dapre tèks la, yo kapab aspèje plant yo valè fwa yo vle.
……..Tèks la fè konprann teknik ansyen yo fèt pou jete nèt.
……..Rannman nan kilti a an rapò ak richès peyi a dapre tèks la.

METE YON KWA SOU BON REPONS LA :

2.- Ankadrè vle di moun k’ap :

F- dirije peyizan G- konseye peyizan H- koze ak peyizan I- Vann pou peyizan yo.

3.- Òtikilti se kilti :

F- sereyal G- Fwi H- Legim I- bwa

4.- “Kilti sa yo enpòtan anpil pou peyizan yo”

Nan fraz anwo a predika se : F- enpòtan G- enpòtan anpil H- anpil I- anpil pou peyizan

5- Kontrè mo “aplike”nan fraz sa a : “Nou oblije verifye souvan si peyizan yo aplike konsèy yo” se : F- reyalize G- sèvi H- montre I- rejete

6.- Ekri 5 fraz pou pi piti pou montre diferans ki genyen ant metòd tradisyonèl la ak metòd agrikòl modèn yo.

7.- Bay opinyon ou sou konpòtman negatif peyizan yo genyen daprè sa yo di nan tèks la (5 liy)

8- Men de tit : 1- Vokasyon agrikòl 2- Etid agrikòl
Plizyè paragraf nan tèks la ka gwoupe ansanm ak tit sa yo. Endike gwoup paragraf ki ka pran tit sa yo. Mete pou chak gwoup, premye ak dènye fraz la ki fòme gwoup la.

9.- Chache nan tèks la yon mo ki gen 5 son swivi men 4 konsòn + yon demi konsòn

10.- Dekonpe fraz anba a an plizyè mòso. Mete non gwoup yo:
“Yon ansyen elèv ankadrè kapab eksplike enterè pratik la, nan aprantisaj”

2èm pati: <u>kominikasyon oral, vokabilè, òtograf, gramè, pwodiksyon ekri</u>

11.- Mete yon kwa sou bon repons la :
“Lanmou se flanm” Kòm figi gramè nan fraz sa a nou jwenn yon :
F- ipèbòl G- konparezon H- metafò I- metonimi

12.- Chwazi youn nan mo sa yo : “te ko, pral, te, ap, fèk,” pou konplete fraz sa yo.

a) Yè nou……al legliz. b) Talè m’……..fè devwa a. c) Kounyeya m…….etidye leson m’. d) M’…….di ou leve.

13.- Fraz anba a genyen yon kreyolis ki glise ladan li. Bay fraz kreyòl ki koresponn avèk li enpi bay fraz fransè a tou.
“Fermez votre bouche”

14- Chanje youn oubyen de lèt nan chak mo anba yo pou nou ka fòme yon lòt mo. Fè yon fraz ak chak mo ki fòme yo : Farinen, seleksyone, militè, diksyonè, kareman

15.- Men kèk mo : (krepi, plan, brase, longè, randui, malaksè, nivo). Metye ki gen rapò ak mo sa yo se :

16.- Fè twa fraz kote mo sa a “mi” kapab genyen twa sans diferan .

17.- Ki lide esansyèl paragraf sa a :

Yè maten, mwen leve bonè. M mache anpil anvan mwen jwenn machin. Machin mwen monte a te bogota anpil. M rive an reta nan sikilasyon. M rive fè lisans la men apre anpil mizè. Yo mete m kanpe nan liy enpi se wè m wè liy nan pa avanse. Lòt moun ap fè lisans.

18.- Ou gen yon moun ou ap ekri men yon rektang ki reprezante anvlòp la. Mete adrès pa ou.

19.- Kontrakte mo “mwen” nan fraz anba a enpi ekri sa ou jwenn nan. “Kaye mwen an pèdi”

Alexander Fleming

Onè a vin jwenn li, kounyeya; men li pa t ni chache li, ni swete li. Kilès nan sikonstans sa a ki ta santi sansasyon konsa, ki kite l menm jan li te ye a. Li pa ni cho, ni frèt apre li fin fè yon bèl eksperyans ki pi bon pase sa lòt yo te fè.

Nanpwen jan pou laglwa vire lòlòj li. Li te tèlman rete senp lè l ap akeyi moun. Souvan pèsonaj selèb ki vin nan enstiti a, pou yo ba li felisitasyon, konn sezi jiskaske yo di: "kòman ? se selèb Fleming nan sa ? "

An jen, jiyè, out 1945 li fè yon vwayaj ranpli siksè, nan peyi Etazini. Nan Nouyòk, pwodiktè penisilin yo òganize kokenn fèt pou onore, remèsye prezidan an. Se papa Bondye ki voye Fleming sou latè pou dekouvri enpi fè lemonn konnen egzistans tout pwopriyete zam sa a. Zam ki pi puisan moun genyen, jodi a, pou goumen kont maladi…Anvan li, pèsonn pa te janm reyalize rèv chimyoterapi a; jwenn yon sibstans ekstrèman pisan kont mikwòb k ap anvayi kò moun, men ki pa tèlman nuizib. Fòk nou di tou Fleming te toujou pa t ni cho, ni frèt. Pwodiktè yo pran brevè pou fabrike men penisilin nan pa t pran okenn brevè. Kidonk li lib pou tout moun.

An septanm 1945, gouvènman fransè a envite Fleming nan peyi Lafrans. Nan Akademi Medsin nan, li deklare: "Yo di se mwen menm ki dekouvri penisilin. Pèsonn pa fouti envante penisilin paske penisilin nan te la depi dikdantan. Se gras ak lanati enpi dekonpozisyon yon seri matyè òganik… Non, mwen pa kreye penisilin, mwen jis atire atansyon moun sou li…"

Nan menm ane a, li resevwa Pri Nobel. Li te kontan anpil pou li wè jan li pase kokenn egzamen sa a. Laglwa epi pou soti nan fèm ekosè rive nan ti laboratwa bèl kou palè wa, avèk estrad. Palè kote l'ap swiv lwa sou fabrikasyon yo, kote alavni li oblije monte, malgre distans la gran anpil. Men pou li, rit sa a ki on ti jan fatigan te fè pati travay lajounen li. Li konnen li fè sa li te kapab enpi pannan tout vi li. Li byen travay. Rekonpans ki vini an parèt pou li yon kado.

Pami pakèt ak bann lèt li resevwa. Gen youn ki fè li plis plezi. Se pa enstititris klas "Timoun piti" lekòl matènèl Ekòs la. Lèt la te sòti Diban (kote manman l' te fè li). Li te siyen Maryon Esteling e li te kòmanse li ak mo sa yo: "Ti Alèk monchè"

Selon "Andre Maurois", Lavi "Sir Alexandre Fleming"

Tès : premye pati

Chache enfòmasyon nan tèks la pou nou ka bay repons yo.

I.- Mete "V" nan kare yo si se vre, "PV"si se pa vre :

…… ...Dekouvèt Fleming nan pèmèt yo detwi mikwòb ki danjere anpil.

……Fleming kontan pou li fè konnen se li ki mèt penisilin nan.

……Fleming te reyèlman prezidan.

……Maryon Estèling te aprann nan men Fleming.

……Fleming te merite brevè li a.

……Fleming te toujou ap chèche konpliman paske sa fè li kontan.

……Moun selèb yo tèlman kontan dekouvèt Fleming yo; yo vin nan enstiti a pou yo pale avè li, sou penesilin sèlman.

……Zam Fleming te envante a kapab touye moun.

Mete yon kwa sou bon repons la.

2.- Tèks sa a se tèks : F- Deskripsyon; G- Resèt; H- Narasyon; I- Enfòmatif

3. Ki pi gran tit chèf, yo bay Fleming nan tèks la, ansuit chache nan tèks la epi ekri pati ki ta sanble li bay Fleming plis enpòtans pase tit sa a.

4. Ki sa yo vle di nan dezyèm paragraf la lè yo deklare : Penisilin nan lib pou tout moun :
5.- Nan katriyèm paragraf la kisa ou ta mete apre òganik, nan plas pwen yo pou konplete ide a :
6.- Ekri twa liy pou ou di nou valè moral Fleming anseye nou nan tèks la.
7.- Chache nan katriyèm paragraf la enpi eksplike pou nou, si gen diferans ant predika sa yo : "dekouvri", "envante', "kreye"
8.- Tèm prensipal yo trete nan tèks la se :
F- Pri Nobèl; G- Brevè; H- Penisilin; I- Laglwa
9.- Bay fraz senp ki fòme fraz konplèks sa a :
"**Li te kontante tout moun paske li te tèlman rete senp lè l'ap akeyi moun**"
10.- Men yon mo nan tèks la "**kokenn**". Bay 6 mo ki fini menm jan an.

Dezyèm pati : <u>Kominikasyon oral, Vokabilè,Òtograf, Gramè, Pwodiksyon ekri</u>

11. Transfòme fraz sa a an estil dirèk:
Fraz : Li mande li si li pa pote kaye li a pou li.
Fraz:……
12. Konplete lide anba a pou di ki pwonon ki nan fraz la : "Li kase pa mwen an :
Nan fraz sa a : "Pa mwen an se ……..
13.- Konplete fraz sa a:
Se pa nòmal pou……paske……..si……..
14.- Yo di "chov souri", "mamit" ki lòt jan yo konn pwononse mo sa yo nan kèk rejyon.
15.- Sèvi ak chak mo anba a pou nou fòme 4 mo konpoze : "tele" , "machann"
16.- Fè yon trè pou nou ka fè mo kolòn **A** a koresponn ak sans li nan kolòn **B** a :

<u>Kolòn A</u>	***<u>Kolòn B</u>***
kache	resevwa
kase	vole
sote	sere
jwenn	brize
	tande

17.- Ak lèt nan mo sa a "koreksyon" bay dis lòt mo :
18.- Konplete fraz sa a ak yon pwonon epi yon detèminan :
Fraz : Mwen konnen nèg …blese…
19.- Ou te patisipe nan yon jounen ki te fèt bò lanmè oubyen nan yon zòn tankou Kenskòf oubyen Fò Jak, rakonte jan sa te pase. Pale de sa ou te wè, santi, tande, fè elatriye.
20.- Jwenn repons pou chak pwen sa yo enpi ekri yo nan tablo a nan sans orizontal.
Mete chak **son** nan yon kawo.
a) Yo konsidere mwen kòm papa lendepandans peyi a. b) Se mwen ki te koud drapo peyi a. c) Lang ki ofisyèl epi nasyonal pou d Ayiti. d) Manman lwa peyi a.

Manman

1- M renmen manman m. M renmen l jan ou pa ta janm sipoze. Ou poko janm renmen yon moun? Lè papa m mouri, m te gen kèk ane sèlman. Se manman m ki te pran responsabilite elve mwen. Li te fè sa ak anpil swen. Li te fè tou sa li te kapab; ou tande? Tou sa li te kwè ki t ap bon pou mwen.

2- Li te konn ban m anpil manje, bon manje. Chak semèn li ban mwen yon lavman. Chak swa li plonje m nan yon gwo mamit plen dlo tyèd epi l fwote tout kò m pandan yon bon ti tan. Li voye m pran leson katechis twa fwa nan semèn nan.

3- Nou te konn dòmi sou yon seri kabann ki te fèt ak banbou arebò yon dife manman m limen. Se lè sa a li te konn rakonte m yon bann fab oubyen rakonte istwa sou papa m. Li te konn pale tou sou lè li te piti, sou peyi kote li te fèt, sou grann li ki te mouri yon ti tan anvan l te fèt... Gen kèk nuit nou te konn tande frize k ap rele. M te koupi kò m nan kabann nan. Epi manman m te tonbe ri. Li di m : “Ou pa bezwen pè monchè. Li p ap vin chache ou devan m la a”. Gen lòt nuit se lapli ki te konn fè bri sou tòl la pandan gwo van ap bale lakou a, souke pyebwa nan kanton an. Lè konsa manman m di: “Bondye, tande tonbe mango. Ou pral kontan demen, pa vre?” Oo! Li te konn ban m gwo pinisyon tou. Men sonje sèlman m sonje pinisyon sa yo fè m plis renmen l toujou.

4- Premye fwa, m soufri nan vi m vre epi m al devine sa manman m te ye pou mwen. Se lè manman m t al enskri m lekòl lavil. Mwen t apral separe ak li senk jou sou sèt. M p ap janm ka kriye konsa ankò tankou jou sa a. M te fin reziye m. Manman m se moun ki te jalou. Li pa te abitye kite m frekante lòt timoun menm laj avè m. M te alèz lekòl la m te yon ti jan renka renka. Toutan m ap kriye. Sa te atire kamarad mwen yo, sa fè tou yo ban m plis brimad.

5- Manman m te vin lavil chak samdi. Chak dimanch li mennen m lamès. Kon l apremidi, li tounen lakay li. Li kite m ak yon pil ti pawòl dous tankou: li renmen m, li sonje m toutan, l ap priye Bondye pou malè pa rive m. M pa te kwè te gen yon lanmou ki te gran menm jan ak lanmou yon manman genyen pou pitit li. Petèt m ka egzajere men manman pa m nan te renmen m twòp pou m pa ta reflechi konsa.

A.- Etid tèks

Premye pati - Keksyon sou tèks la

1- **Sèke "V" lè repons la vre, "PV" lè repons la pa vre.**

v - pv Tèks la montre pèsonaj la k'ap pale a te tris poutèt papa li te mouri.
v - pv Tèks la montre youn nan pèsonaj yo te konn ranmase mango pa pakèt chak maten.
v - pv Dapre tèks la, lekòl la fè ti gason an separe ak manman li de jou sou sèt.
v - pv Dapre otè tèks la, lanmou manman an san fay.

2- **Sans mo ki souliye nan fraz anba a se:**

"Sa fè mwen pran plis brimad"

D- Chirepit E- Veksasyon F- Batay G- Antrav

3- **Tèks sou manman nou sot li a se yon tèks k'ap:**

H- Enfòme I- Eksite K- Montre santiman L- Dekri

4- **Fè yon trè soti nan chak fraz sa yo pou rive nan nimewo paragraf ki gen rapò avèk yo a.**

. Pèsonaj yo nan tèks la te kwè nan Bondye. 1
. Pèsonaj prensipal tèks la te fè travay li. 2
. 2èm Pèsonaj tèks la te jwenn swen pou li te ka devlope 5

5- **Mete fraz anba a sou fòm anfatik.** M' te fin reziye m'.

6- **Refòmile lide sa a yo pran nan tèks la ak pwòp mo pa ou.**

"M renmen l jan ou pa ta sipoze".

7- **Rezime de (2) premye paragraf tèks la an twa (3) liy.**

8- **Fè plan tèks la.**

IIèm Pati - Gramè - Vokabilè - Òtograf - Pwodiksyon ekri

Mete yon kwa sou lèt ki mache ak bon repons la.

9- Endike tan vèb ki souliye nan fraz sa a.

" M manje nenpòt lè." = D- Prezan E- Fiti F- Pase

10- **Nan fraz anba a, oksilyè a endike :** " M' kapab la. "

D- Sètitid E- Dout F- Swè G- Pwobabilite

11- **Fòme yon fraz ki gen son anba yo ladan. "Manman" se yon mo ki nan fraz la.**

m, m , m, m, m, en, en, i, l, p, r, an, an, an.

……....manman .....……....

12- **Fòme kat (4) mo ki gen alafwa prefiks "de" epi sifiks "e"**

13- **Fè yon trè soti nan chak mo kolòn adwat la pou al endike mo li gen kòm sinonim nan kolòn agòch la.**

abandone	bann
kès	kondwi
mennen	distans
klan	kite
	kòf
	volè

14- Fòme yon fraz kote detèminan "la" plase dèyè yon vèb.

15- Fè yon fraz konplèks ak mann fraz sa yo.

li te tonbe a \ m te chita anfas pyebwa a \ m te wè \ li jete li.

16- Konplete gri anba a nan sans orizontal ak ransèyman sa yo.

I- Yon objè ki fèt ak ajil. H- Yon moun ki konn fè plan kay. J- Yon objè yo bay lè anvan li monte nan syèl ak moun. K- Yon moun ki pa ka rekonèt moun ki bò kote l' apre yon aksidan .



17- Fè yon telegram pou envite yon zanmi ou nan maryaj yon paran pwòch ou.

18- Analize fraz anba a epi prezante li sou fòm yon pyebwa. "Moris kite Jak bò kay la".

++++++

Antwanèt se dezyèm pitit fi manman li ak papa l. Li se moun Limonad. Men, depi douz lane, li abite Okap. Li nan klas 9èm ane fondamantal nan lise Filip Gèrye.
Antwanèt genyen katòzan. Kidonk, li pa gen anpil rekòt kafe sou tèt li. Konsa, li pa ko kapab fè gwo refleksyon sou fason moun yo te viv nan tan lontan, ni non plis tou sou kalite lavi ki ap tann jenerasyon ki ap vini apre yo.

Grann Antwanèt t ap viv nan menm kay avèk li nan vil la. Li se pitit de abitan ki t ap viv andeyò bouk Limonad. Grann Antwanèt maton anpil nan rakonte istwa. Li toujou ap rakonte Antwanèt kouman lavi a te ye lontan. Anmenmtan, li konn eseye fè konparezon ant lavi epòk lè li te jenn avèk kalite lavi kounyeya.

Grann Antwanèt rakonte li plizyè istwa. Pa egzanp: li di lè li te jenn, pa te genyen ni machin, ni aparèy ki mache ak kouran tankou vantilatè, televizyon, blenndè, elatriye. Menm lè pa t genyen anpil moun rich, pi fò nan yo te gen dekwa pou manje, abiye, epi tou yon kote pou pare lapli. Prèske, chak swa, tout abitan nan kantan an rasanble pou distrè yo. Pou tout moun kapab jwi anbyans la pi fasil, yo chita am wonn. Kòm lannuit moun yo konn santi fredi, chak abitan pote yon moso bwa pou yo kapab limen yon boukan dife nan mitan wonn nan. Epi touswit apre, plezi a kòmanse : yo chante, yo tire kont, yo rakonte bèl ti istwa eksetera…

Lontan pa te genyen anpil vil. Kidonk, pi fò moun t ap viv andeyò. Konsa, pa t genyen okenn bri motè machin oswa moulen ki te konn anpeche yo dòmi lannuit. Abitan yo ak lanati se kòkòt ak figawo tèlman youn te zanmi lòt. Pa egzanp, yo pa t janm koupe pyebwa. Yo te kenbe larivyè ak sous dlo yo toujou pwòp. Yo te pwoteje lavi zannimo eksetera… Yo pa t konn vwayaje nan gwo bato oswa avyon, men nou kapab wè anpil bèl objè atis lontan yo te konn reyalize. Yo te konn manje fwi natirèl, e yo te viv an sante plis pase tan jodi a. Yo te viv tankou yon sèl kòt fanmi. Youn te gen respè pou lòt. Tousa te pèmèt yo viv pi byen, nan lapè ak trankilte.

Malgre tout bagay, nou dwe rekonèt sosyete kounyeya fè kèk pwogrè tou. Pa egzanp nan domèn lasante, yo rive jwenn tretman pou yon pakèt maladi ki te konn touye moun lontan. Yo rive mete dlo potab. Grenmesi lasyans ak teknoloji a, yo rive fè yon seri aparèy pou travay latè oswa bati gwo bilding pi fasil elatriye… Sèl bagay, gen yon pwoblèm ki sanble ap vin pi grav pi plis chak jou espesyalman nan gwo vil yo : se pwoblèm degradasyon anviwònman an. Si nou pa pran bon jan dispozisyon pou rezoud prese-prese pwoblèm ekolojik sa a, lavi nou e menm lavi pitit oswa pitit pitit nou ap kontinye menase.

Nou kapab konprann, grann Antwanèt menm jan avèk pi fò moun ki gen menm laj avèlk li, genyen anpil konesans sou istwa peyi a, sou kalte lavi tan lontan an. Moun ki konn ekri liv sou istwa peyi a toujou al ranmase enfòmasyon nan bouch granmoun lontan sa yo pou yo konpare yo ak enfòmasyon yo jwenn nan liv. Kidonk, yon granmoun ki gen plizyè rekòt kafe sou tèt li se yon boul lò. Se poutèt sa anpil moun toujou di : “lè yon granmoun lontan mouri se tankou yon bibliyotèk ki boule”.

1. Bay siyifikasyon ekspresyon sa yo genyen nan tèks la (1½)
   a) kòkòt ak figawo
   b) kote pou pare lapli
   c) rekòt kafe

2. Fè yon konparezon ant lavi tan lontan an avèk kalite lavi kounyeya (sèvi ak enfòmasyon ki nan tèks la) (2 pwen)
3. Bay ide enpòtan ki nan 6èm paragraf tèks la (1 pwen)
4. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch la pou montre pwovèb ki gen menm siyifikasyon ak pwovèb ki nan kolòn la (1 pwen)

a) fredi	1) malad
b) andeyò	2) detwi
c) pwoteje	3) chalè
d) refè	4) lavil
	5) sove

5. Pase yon trè anba Gwoup Non an (½ pwen)
   " Mwen menm ak papa m' te rankontre li nan lopital"
6. Fè 2 fraz kote mo "valè" genyen yon sans diferan nan yo chak (1 pwen)
   1)……
   2)……
7. Ki figi estil ki anan fraz sa a : "Blan an se yon bon nèg" (1 pwen)
   ……
8. Sèvi ak " tèt-chaje, kole-kole, chita-pale, tèt-kole" pou konplete tèks anba a (2 pwen)
   Dapre desizyon ki soti nan …… ant mèt la ak direktè a, lè elèv yo nan klas, yo kapab chita……..,. Mwen nan egzamen, yo pa gen dwa fè…… Konsa, nenpòt elèv ki pwoche pre yon lòt pandan egzamen, l'ap nan …….
9. Mete fraz sa a nan estil dirèk : (1 pwen)
   " Antwanèt mande grann li pou li rakonte l kèk ti istwa"
10. Tradui fraz anba a an franse : (1 pwen)
    " Malgre tout bagay, nou dwe rekonèt sosyete kounyeya fè kèk pwogrè enpòtan"
11. Chache varyasyon mo sa yo : (1 pwen)
    a) larivyè…….
    b) abiye……
    c) touye……..
12. Fè yon fraz kote yo se pwonon pèsonèl konpleman (1 pwen)
    ……
13. Rekopye fraz sa a nan tan pase : (1 pwen)
    "Zansèt nou yo travay pou yo retire nou nan lesklavay, epi pou yo ba nou lendepandans" ……
14. Ekri yon ti tèks kote ou bay kèk konsèy sou fason yo ta dwe konsidere granmoun ki kòmanse antre nan laj yo nan sosyete a. (4 pwen)

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL JENÈS AK ESPÒ

BIWO NASYONAL EGZAMEN LETA

EGZAMEN 9ème ANE – JEN 2001

Siyati :..... Non :.....
Depatman : ..... Vil : .....
No dòd : ..... Lekòl : .....

Matyè : Kominikasyon kreyòl Dire : 2 zè

Nou pa dwe kite lavi mennen nou. Se pou nou prepare demen nou, nou menm. Nou vle òganize demen pitit nou yo? Tout moun ta renmen konnen jan demen ap ye. Sa vle di tout moun ta vle byen pare pou batay ak lavi ki rete yon mistè pou nou. Epitou, non sèlman lemonn ap chanje men mantalite yo ap evolye tou, firanmezi tan ap pase.

Pou anpil gason ak fanm, demen se yon dèt y ap bat pou yo peye. Lemonn montre pakèt enpòtans nou bay demen nou. Medam yo pa abiye tankou granmoun yo; yo pito sanble ak pitit fi yo. Timoun yo, yo menm, depi je yo kòmanse louvri, depi yo konprann jan lasosyete mache, pwodui, vann, yo panse fòk yo pran lavi yo ak de men, menm si yo poko fin wè kote yo prale. Nou vle demen nou reve a ? Parye sou tèt ou egal pran gwo ris ! Men, depi yon moun ap viv, fò l pran ris, pa vre ?

Chaje pikan sou wout la, epoutan fòk ou lite pou ou ka viv byen. Fòk ou gen kouraj pou ou batay. Refize lavi fasil lasosyete vle ofri ou la. Ala bèl bagay lè yon moun ap gade bon rezilta yon travay li redi fè. Yon kiltivatè toujou fyè kouche anba yon pyebwa lè li fin travay anba solèy cho. Tout jenn moun dwe plante yon pyebwa pou yo jwenn bon lonbray lè yo granmoun. Demen nou nan de pla men nou, alòs…

Premye pati : Kesyon sou tèks la.

1.-Jwenn lide prensipal tèks la.

2.-Konplete fraz anba a ak mo pa ou pou fini lide otè a te kòmanse a nan tèks la.

Fraz : “Demen nou nan de pla men nou, alòs……

3.- Eksplike fraz sa a : "Jèn moun yo dwe plante yon pyebwa pou yo jwenn bon lonbray lè yo granmoun.”

4.- Ekri 2 konsèy otè a bay pou avni timoun yo an Ayiti .

5.- Fè plan tèks la.

Dezyèm Pati : òtograf, vokabilè, gramè, pwodiksyon ekri

6.- Ekri kontrè mo souliye ki nan fraz anba yo .

a) Papa m se nèg <u>blagè</u> serye. b) <u>Chans</u> pa li, machann nan pa ko pase:

Fè yon kwa sou bon repons la.

7.- Figi estil ki gen nan fraz sa a : “Tout peyi a kontan wè nou.” Se :

a) metafò b) ipèbòl ch) metonimi d) konparezon

8.- Antoure lèt ki ale ak bon repons la: Tout koukouy klere pou je ou” Moun ki mete pwovèb sa a an pratik se moun ki :

9.- Ekri vèb entranzitif ki nan lis vèb sa yo : kale, kouri, ateri, kontwole, baye, obsève, pati .

vèb entranzitif :

10.- Ekri nan kaz yo : “A” pou fraz ki gen pilye aktivite yo epi “E” pou fraz ki gen pilye ki make eta yo.

Fraz	A	E
Jaklin ap fèmen pòt la.		
Tout manje kwit deja.		
Kraz sa a kraze depi lontan.		
L ap ranje tout zafè li.		

11.- Jwenn 3 mo kreyòl ki soti nan mo anglè.

12.- Konplete paragraf sa a pou ou di nou santiman ou genyen pou yon moun nan fanmi ou.
Mwen paske menm si men pou
14.- Fè yon fraz ki gen yon pwonom posesif ladan li.
15.- Ou te gen kont ak yon zanmi ou. Ou vin wè ou te antò. Ekri li pou ou prezante li ekskiz ou enpi di li kòman amitye li akonte pou ou. 10 liy.

Lapawòl se yon gwo zouti. Tout moun konnen sa, men anpil moun mal sèvi ak li. Avèk kèk mo nou ka konsole yon moun, seche dlo nan je yon timoun. Yon bon pawòl kapab transfòme yon moun ki dekouraje, L ap ba li lespwa. Se yon mirak. Nan ka sa a, istwa yon majisyen pawòl vin nan lespri mwen.

Mari, yon ti fi dizan, te blese anpil nan yon gwo aksidan. Doktè yo te mete tout sa yo konnen deyò pou te ka kole zo pitit la ki te kase. Lasyans te kole janm yo, atousa ti fi a pa te rive mache. Pèsonn pa te konnen poukisa.

Mari chita nan yon chèz woulant. Li ap chofe solèy paske tan an te bèl jou sa a. Paske li pa te kapab kouri ak lòt timoun, sa te fè li toujou chagren. Men apre midi sa a, li te santi li byen. Li t ap reve. Li tèlman t ap reve, li pa t wè yon mesye ki gen bon jan ki te parèt dèyè li a. Li di li : “Bonjou, ou pa kapab mache ? Sa ki fè sa ? Rakonte m.”

- Mwen rele Mari. Li Rakonte mesye a aksidan li te fè. Lè li ap fini istwa a li ajoute : “Mwen pa konprann poukisa janm mwen yo pa vle sipòte kò mwen.”

- Si ou genyen m konfyans. Mete men ou nan men mwen. Ansanm nou pral vwayaje.

Mari te fè li konfyans. Li lonje men an ba li. Mesye a krake dwèt pa li e pouf ! Yo vin wè yo nan yon ti kay menm kote ak yon jenn gason ki te fè yon aksidan apre sa, li pa te mache. Gason an di Mari li te rive mache paske li te kwè nan pawòl ankourajman, bon zanmi li a te konn ap ba li.

Konsa yo vizite senk moun ki te vin repran fòs gras ak pawòl ankourajman moun te konn di yo. Lè li retounen lakay li. Mari te poze granmoun nan kèk kesyon.

Poutèt kisa ou mennen mwen kay moun sa yo ? Ou konnen ka pa m’ nan diferan. Mwen ta renmen mache men mwen pa kapab.

Mwen konnen ou ap mache kanmenm ankò si ou vle sa vrèman. Fòk ou fè gwo jefò. Sa pa fasil men ou ap reyisi kanmenm.

Pannan Mari t ap tande granmoun nan ap di pawòl sa yo ak fòs, li santi yon bann espwa anvayi kè li. Li santi yon fòs li pa te janm konn santi kwape enfimite a. Kèk mwa apre, Mari tonbe ap galope nan jaden an ansanm ak zanmi li yo.

Ebyen, ou wè ! Yon bon pawòl, yon mo ankourajman oubyen konsolasyon kapab reprezante pou yon moun pi bèl kado li pa te janm resevwa. Yon bon pawòl kapab chanje lavi yon moun, li kapab tounen yon pawòl mirak.

Kesyon sou tèks la

Mete yon kwa sou lèt ki bay bon repons la:

1- Mari te rive mache
E- gras ak efè pawòl la. f- gras ak konfyans nan pawòl.
g- gras ak fòm pawòl la. h- gras ak moun ki di pawòl la.
2.- Fraz : "Mari chita nan yon chèz woulant" Nan fraz anwo a predika se :
E : chita f : mari chita G : chita nan H : woulant
3- Bay opinyon ou sou konpòtman granmoun nan :
4- Chache nan tèks la mo ki ale ak definisyon sa yo epi ekri yo nan espas vid yo
a- Kite yon kote pou ale nan yon lòt: ……b- Yon moun ki kapab fè mirak
ch. "Objè andikape oubyen moun malad nan janm sèvi pou yo deplase :……
5- Jwenn yon tit pou tèks la. Ekri li nan espas vid la : ……
6- Dekonpoze fraz anba a an kat moso."Mari ap galope nan jaden an ak zanmi li."

7- Jwenn nan tèks la mo oswa ekspresyon ki gen rapò ak tristès epi ak kouray
Tristès: Ankourajman:
……|……
……|……
8- chache epi ekri mo nan espas vid yo yon mo ki gen estrikti sa a: konsòn + konsòn + vwayèl + konsòn + konsòn + vwayèl + konsòn + vwayèl : ……..……..…
9- Fraz anba a genyen yon kreyolis ki glise ladan li. Ekri fraz fransèz korèk la
"En apprenant la nouvelle de la mort de sa sœur, elle a crié"
10- Transfòme fraz diskou dirèk sa a an diskou endirèk
Fraz - Elèv la di : "Mwen pral pase yon mwa vakans nan peyi mwen."
11- Bay 3 mo ki gen sifiks "mann"
12- Jwenn yon pwonon ki ranplase pwen yo nan fraz anba yo :

a) Mwen konnen nèg la …… achte tè a.
b) Nèg la vini ……..chita e ……..tonbe pale.
c) Apre direktè a fin pale ak ……., …….soti ansanm.

13- Ranplase espas vid yo avèk eleman ki anba yo .
te, ap, ta, pral, a, t ap

a) Babay, n…… wè pita.
b) Mwen …….. rele ou pita.
c) Tann mwen, m…….. resevwa ou kounyeya
d) Mwen ……..gade televizyon lè yo pran kouran an.
e) Si m te gen lajan, m……. achte yon machin.
f) Li……. manje pwason anvan li sòti.

14- Fòme 10 mo konpoze ki gen rapò ak metye moun fè an Ayiti avèk mo sa a. : "machann"
15- Kijan yo fete manman an Ayiti ? Eske ou panse li nòmal pou yo bay manman plis enpòtans pase papa a. Kisa ki pou ta fèt pou fèt sa yo pi bèl.

Li enteresan pou moun ap eksplike chemen yo te pase anvan yo fè gwo dekouvèt yo. An n gade sa ki te pase lontan.

Pandan lontan se fòs moun ak fòs bèt, moun te konn itilize. Apre yo vin sèvi ak fòs dlo epi ak fòs van. Men sa yo gen limit yo.

Motè k ap mache ak dlo fèt pou li enstale prè rivyè. Pou fòs van an, li kapab fè yon moulen mache, li kapab fè bato mache tou. Men ou pa kapab konte sou fòs van an twòp twòp.

Ou dwe konn tande pale de "Léonard de Vinci". Li te vle fè yon machin ki ap vole. Sa te pran tan pou li te reyalize li. Answit, an septanm 1494, li te enstale yon jennonm byen pòtan ki sèvi li motè. Sa pral premye moun ki pral tante vole. Li sote apèn kèlke mèt anlè tèt tou a, li plane nan vid la. Li pa t pran tan, li kraze atè a. Jenn gason an blese. Aparèy la kraze.

"Leonard de Vinci" al wè nèg ki te blese a lopital. Li fè pi bon medsen ki te genyen yo pran swen li. Misye di depi li geri, li pral eseye vole ankò. Men pou "Lëonard de Vinci" lide nan tèt li se chèche jwenn yon lòt motè. Moun twò lou pou fòs li kapab bay la. Ak ki lòt fòs, nou kapab sèvi ?

Ak de lòt elèv li yo, "Leonard de Vinci" prepare yon kanno. Li ranpli li ak dlo. Li bouche li e li chofe li. Tankou jan li te panse a, aparèy la eksploze. Li te fè yon gwo bri. "Lëonard de Vinci" te souri. Li di elèv li yo "se toujou konsa, dlo ak dife pa zanmi. Men si nou separe dlo ak dife a, konsa nou ap pase fòs dife a nan dlo a".

Konsa "Leonard de Vinci" te bay premye eksplikasyon fòs a vapè. Desan lane apre, savan yo rele "Denis Papin" an eksplike fenomèn nan e li kòmanse metrize li. San tan apre, machin a vapè t'apral ranplase vwal sou bato yo. Motè a vapè pèmèt yo fè tou machin ki bay pi bon rannman.

Gras ak machin yo, nou reyalize rèv nouvo envantè e nou kreye nouvo motè. Nou menm reyalize motè ki mache ak gazolin. Konsa 400 lane apre premye eseyaj "Lëonard de Vinci" a, premye avyon te kòmanse vole.

1.-Mete yon kwa sou bon repons la.

Youn nan envansyon ki te fèt apre motè a vapè se :

B.- motè dlo F.-motè elektrik G.-motè, ki mache ak gaz H.-motè van

2.-Mete yon kwa sou bon repons la .

Avyon kòmanse vole depi

E.- 1988 F.- 1894 G.-1694 H.-1794

3.-Ekri nan lòd eksperyans ki te fèt anvan envansyon machin a vapè vin fonksyone.

4.-Bay nan lòd lide yo devlope nan tèks la

5.- Ki rezon ki te fè "Lëonard de Vinci" pa te rive reyisi nan 1^{e} ak 2èm eksperyans li yo ?

6.-Ekri 4 gwoup ki genyen nan fraz sa a. "Lëonard de Vinci" prepare yon pyès kanno ak lòt elèv li yo.

7.-Transfòme fraz diskou endirèk sa a an diskou dirèk: Li di li prale lekòl ak valiz li a.

8.-Ranplase espas vid yo ak eleman sa yo : **te**, **a**, **t ap**, **pral**, **ap**

a) Li ..... la lè m t ap pale nan telefòn nan.
b) N.....wè vandredi si Bondye vle.
c) Nèg la ... pale lè m rive a.
d) Si mwen te gen lajan mwen ....achte yon machin.
e) Mwen .....wè ou pita. Pa sòti.

9.- Fè de fraz ak “mwen” kòm: a) pwonon pèsonèl sijè. b) adjektif posesif
10) Eksplike pwovèb sa a : “Chyen de pye pa kouri nan kat chemen.”
11) Tradui fraz sa yo an kreyòl.
a) Je regardais la télévision quand j’ai entendu un bruit.
b) Antoine avait changé le pneu.
c) Micheline avait pris un taxi devant l’hotel.
d) Antoine réparait le frigidaire : il l’avait débranché.

Masèl nan lekòl Nouyòk

Masèl ap viv Nouyòk, depi twa semèn. Depi li rive manman l voye li lekòl kote gen anpil Ayisyen ak anpil Blan tou.

Masèl remake se pa tout ti Ayisyen ki vle di se Ayisyen yo ye. Men Masèl pa kache di li se Ayisyen. Poutèt sa anpil timoun pa fè zanmi ak li. Timoun kòmanse anbete li. Yo rele li “Botpipo” men Masèl pa konprann poukisa. Men li wè timoun ayisyen yo pa renmen yo rele yo konsa. Pou sa gen ki goumen, genyen ki kriye, genyen tou ki pa vle vin lekòl la ankò.

Lè Masèl wè sa. Li rele yo, li pale ak yo. Li di yo : Nan tan lontan anpil moun te konn sove kite peyi yo tou pou yo vin nan bato, nan peyi d Ayiti. Tout moun k ap viv nan peyi a se “Botpipo”.

Masèl pa kite pèsonn fè li fè tenten, ni kriye. Se pa sa l ap okipe. Li renmen al lekòl. L ap aprann tout sa yo montre li. Se nan fason sa a li vin fè respekte li : ni ti Blan, ni ti Ayisyen ki kwè yo se ti Blan.

Nan fen ane a, li te rive aprann yon pakèt bagay nan sa yo te montre li. Li vin kapab ede lòt ti Ayisyen nan klas la fè devwa yo. Se Masèl ki toujou fè pi gwo nòt nan klas la. Tout moun te vin renmen li anpil, tout moun te vin genyen respè pou li, ni pwofesè, ni elèv. Li pa pale souvan men tout sa li di genyen anpil enpòtans.

Chak semèn ti kondisip li yo envite li pase “week-end” (wikenn) avèk yo. Chak semèn yo pote anpil kado pou Masèl. Lè sa tout bon vre li santi li fyè. Lè gran vakans rive, Masèl toujou retounen lakay li pou vin wè vye fanmi li yo.

Manman Masèl rele Anita. Se yon kòmèsan ki te konn vann an gwo. Papa li se yon bòs tayè. Li renmen Masèl anpil e se sèl gason nan fanmi an. Avèk lanmou li genyen pou papa li, chak ane li antre vin wè yo malgre presyon lòt zanmi li ki pa vle li antre.

Masèl vin tounen idòl nan klas la pou timoun yo. Li montre yo se pa kote yon moun soti, ni jan moun nan ye, ni jan li vini nan yon peyi ki fè valè yon moun, men se sa li ka fè ki enpòtan.

Konpreyansyon ekri

Antoure bon repons la dapre tèks la

1.- Masèl se moun

a) ki fèb anpil b) ki ouvè anpil c) ki timid anpil d) ki angran anpil (3 pwen)

2.-**Masèl te fyè paske** :

a) li te lekòl Nouyòk b) li konn al pase vakans ak paran li c) li te sèl gason nan fanmi an d) li resevwa anpil kado chak semèn nan men ti kondisip li yo (3 pwen)

3.- **Masèl te diferan ak lòt Ayisyen yo moralman poutèt** :

a) li te toujou fè pi gwo mwayèn b) li te toujou konn vin wè paran li c) li aksepte di li se ayisyen d) li pa t'al Nouyòk nan "Botpipo"(3 pwen)

4.-**Tèks sa a genyen ladan li** :

a) sis paragraf b) sèt paragraf c) uit paragraf d) nèf paragraf (3 pwen)

5.- **Timoun yo pa te vle zanmi ak Masèl paske :**

a) Masèl se Ayisyen b) Masèl se te malere c) Masèl te fenk vini d) Masèl pa te kache di li se Ayisyen

6.- Fraz sa a **"Li pa pale souvan, men tout sa li di genyen enpòtans"** vle di :

a) tout sa li di yo prèske bon b) tout sa li di yo genyen sans c) tout sa li di yo fè mèt la kontan d) tout sa li di yo fè kè timoun yo kontan (3 pwen)

7.- **Masèl vin tounen yon ti idòl paske :**

a) Masèl te vin Nouyòk b) Masèl te genyen lajan c) Masèl te ede Ayisyen parèy li fè devwa yo nan klas la d) Masèl te ede timoun yo pran konsyans valè ak enpòtans yon moun (3 pwen)

8.- "Nan fen ane a, li te rive aprann yon pakèt bagay" bay twa (3) lòt mo ki kapab ranplase mo <u>pakèt.</u>

9.- Rezime dezyèm paragraf la (5 pwen)

10.- Ki leson nou ka tire nan tèks la (4 pwen)

11.- **Fraz ki gen makè vèbal la se** :

a) Masèl ap viv Nouyòk b) Depi li rive manman l voye li lekòl c) Te gen twa semenn depi li lekòl d) Gen anpil Ayisyen ak anpil blan

GRAME OTOGRAF – VOKABILE

12. **Fraz ki gen makè vèbal la se** :

a) Masèl ap viv Nouyòk b) Depi li rive manman l voye l li lekòl c) Li gen twa semenn depi li lekòl d) Gen anpil Ayisyen ak anpil blan

13.- **Fraz ki gen diskou dirèk la se** :

a) Li tande yon moun di l' bezwen anpil tan ankò b) Nou tande yon moun di l bezwen anpil tan ankò. c) Nou tande yon moun di: "M bezwen anpil tan ankò".

d) Li di yon moun di li bezwen anpil tan ankò. (3 pwen)

14.- **Chache nan fraz anba yo kote oksilyè ki souliye a gen sans pèmisyon**

a- Masèl rantre Nouyòk b) Masèl mèt rantre Nouyòk c) Masèl ta rantre Nouyòk

d) Masèl konn pran plezi sou lòt elèv yo (3 pwen)

15.- **Fraz ki gen konpleman objè endirèk la se**:

a- Fifin fè bo pou manman li b) Se bòs Pyè ak bòs Jak ki fè kay sa a ! c) M ap ba ou yon bèl chenn ajan si ou reyisi. d) Yo te di ou pa fè sa.

16.- <u>"Van an ap chante byen fò deyò a"</u> Nou jwenn nan fraz sa a youn nan figi estil sa yo

a- Metonimi b) Metafò c) Konparezon d) Pèsonifikasyon (3 pwen)

17.- **Fraz ki gen konparezon an se :**

a) Mango sila yo dous kou siwo b) Mango sila sikre c) Mango sila yo dous

d) Mango sila yo bon anpil (3 pwen)

18.- **Predika nan fraz ki gen predika vèbal la se :**

a) Pitit Janin nan pa bon menm. b) Tinèg madan Kaki a ap chante yon bèl chan. c) Yo t ap chèche moun yo isit la. d) Tigason nwa grandotè a la. (3 pwen)

19) Men yon pwovèb "**Dan pouri se sou bannann mi li gen fòs**"Chache nan lis anba a lòt pwovèb ki pi ale ak li a:

a) Lè chat pa la rat danse kalinda. b) Tout ti vis se pou malere c) Ou menm ti pwason pa swiv gwo kouran d) Men anpil chay pa lou. (3 pwen)

20) Analize fraz sa a sou fòm pyebwa : Machin pwofesè a a frape kabrit la.

21) Mete mo "**granmoun**" nan de fraz pou chak sans diferan.

a) b) (3 pwen)

22) Di pwofesyon yon moun ki sèvi ak zouti sa yo :

a) ekè, nivo_____

b) Altènatè, kle demi, djak_____

23) Chache varyasyon mo sa yo

a) Doktè b) genyen c) gèp d) famasi (3 pwen)

24) Bay de (2) mo ki menm fanmi ak chak mo sa yo "penti – janti – mach – kare"

25) Korije mo ki genyen fot nan ti tèks sa a:

Telegraf pèmèt moun voye yon mesaj bien vit epi bien loin, infòmasyon ki nan mesaj la peye pa mo. Lè yon ekspeditè fin peye tou frais ak taks, operatè telegram nan, (2 pwen)

26) Jwenn lòt mo ki ranplase mo ki souliye yo nan fraz sa yo :

a) Msye ap mouri nan <u>bwote</u> chay. b) Lapli a ap fin <u>tchwe</u> tout bisantnè c) <u>Tchovi</u> a malad anpil. d) Tinèg sa a <u>kapon</u> anpil.

27) chache varyasyon mo sa yo

doktè genyen gèp famasi

28.- Jwenn lòt mo nan tèks la ki vle di menm bagay ak lè moun pran kanntè

CH.- PWODIKSYON EKRI

1) Yon zanmi ou ekri ou pou li fè ou konnen l'ap vin pase vakans lan avèk ou. Fè repons la lèt la (8 pwen)
2) Rakonte yon evènman ki te pase bò lakay ou. Sa ki te pase a. Ki lè te pase ? Ki sa fè li te rive ? (10 a 12 liy)

++
++

Lèt manman

Imajine yon manje ti bebe ki gen bon gou, fasil pou dijere epi ki satisfè tout bezwen ki pèmèt ti bebe a devlope. Yon manje ki se yon medikaman mirak, ki pwoteje timoun kont maladi epi ki trete l tou. Li pa koute anyen, sa vle di li gratis ti cheri epi li tou pare pou tout ti bebe sou latè beni. Se pa manti. Yon pwodui konsa egziste kwak gwo save nan domèn endistri yo panko devlope l' : "**Se lèt manman**"

Nan tout listwa limanite, yo te konsidere manje sa a enpòtan pou pran swen timoun yo. Konsa nan sosyete Grèk ak Women yo, paran ki rich yo te konn bay fanm byen pòtan ki te gen lèt nan tete yo dyòb bay pitit yo tete pou yo. Poutan, nan anpil lane ki sot pase la a yo,

pratik bay tete a te diminye akoz reklam ki te fè kwè lèt manman te enferyè pa apò ak manje timoun ki prepare selon teknoloji modèn. Jounen jodi a, tandans la chavire paske plis manman vin reyalize lèt yo pi bon pase tout lòt manje yo.

Daprè Fon Nasyon Zini pou Timoun (UNICEF) se lèt manman sèlman ki pi bon manje ak pi bon bwason pou ti bebe yo depi nan premye rive 6ème mwa lavi yo. Lèt manman gen ladan l tout pwoteyin yo, tout eleman ki pou grandi timoun nan : grès, idrat-kabòn, anzim, vitamin ak tou sa ki nesesè pou ogmante sante ti bebe a nan premye mwa lavi li !

Kidonk, lèt manman se pi bon manje pou timoun ki fèk fèt, epitou se manje sa a sèlman yo gen bezwen vrèman. Aprè premye mwa lavi ti bebe a, nou kapab ajoute ti kras pa ti kras lòt manje nan lis nouriti n'ap bay ti bebe a.

Eksplikasyon :

A.- Konpreyansyon tèks la

Antoure lèt ki plase devan bon repons la

1.- Tèks sa a se yon tèks :

a) Eksplike b) ki bay yon enfòmasyon c) Ki eksprime santiman otè a d) Ki fèt pou amize moun (4 pwen)

2.- Daprè tèks la, lèt manman se yon manje ki :

a) Fè ti bebe a malad souvan. b) Nesesè sèlman pou timoun ki malad. c) Pwoteje ti bebe a kont maladi epi trete l' d) Manke pwoteyin (3 pwen)

3.- Pratik bay timoun tete te diminye akòz :

a) lèt manman te koute twò chè b) reklam kite fè kwè lèt manman te enferyè parapò ak manje tou prepare c) ase manje ki pa te genyen nan epòk sa a d) lèt manman difisil pou ti bebe dijere (4 pwen)

4.- Dapre tèks la yon ti bebe kapab viv ak lèt manman sèlman pandan

a) 10 premye mwa lavil li b) 12 premye mwa lavi li c) 8 premye mwa lavi li

d) 6 premye mwa lavi li (3 pwen)

5.- Nan lontan paran nan peyi Lagrès ak Wòm te konn peye pou bay pitit yo tete pou yo paske yo :

a) pa te genyen lèt nan tete yo b) te konnen enpòtans lèt manman an genyen pou ti bebe a c) te vle bay moun pòv yo travay d) te vle respekte sa relijyon nan peyi yo mande yo (4 pwen)

B.-VOKABILE AK ÒTOGRAF

Antoure bon repons la

6.- Figi gramè nou rankontre nan fraz sa a: "Griyen dan konnen mennen mal dan" :

a) metonimi b) antitèz c) ipèbòl d) apòstwòf (3 pwen)

7.- "dechoukaj la poko fini" Pwosede yo itilize pou fòme mo dechoukaj la la"rele

a) konpozisyon b) neyolojis c) derivasyon d) mo prete (3 pwen)

8.- Lè nan yon lang vin genyen yon mo tou nèf ki antre ladan li, sa rele :

a) mo prete b) derivasyon c) konpozisyon d) neyolojis (3 pwen)

9.- Lis mo sa a: amwari, baton, gaz, megafòn, souflèt, boukliye, reprezante, enstriman yo sèvi pou fè travay :

a) lapolis b) mason ch) ebenis d) kòdonye (3 pwen)

10.-Nan fraz pi ba yo, ranplase mo oubyen gwoup mo ki souliye yo akyon sinonim. Mete mo sa yo nan espas vid la:

a) lèt manman pa koute senk kòb..... b) Pratik bay tete a diminye anpil..... c) Nan tan lontan yo pa te konsidere manje sa a enpòtan pou timoun yo. (3 pwen)

11.- Reyekri fraz sa a sou fòm kontrakte Lèt manman genyen ladan li tout eleman ki pou fè grandi timoun nan grandi (3 pwen)
12.- Itilize prefiks ak sifiks alafwa pou fòme twa mo avèk "kòd" (3 pwen)
13.- Sèvi ak sifiks "mann"pou fòme kat (4) mo kreyòl (3 pwen)
14.- Anplwaye omonim sa yo : mi / mi de fraz diferan pou fè resòti sans yo.
15.- Reyekri tèks sa a selon òtograf ofisyèl la : Dèyè yon vie touf pingouin l 'aut'jou moin contre choucoune. Li souri l'heur li ouè moin. Moin di : ciel ! ala bèl mopun.

CH.- GRAME

Antoure lèt ki plase devan bon repons la:

16.- Fraz ki gen predika adjektif kalifikatif la se :
a) Polin nan lakou a. b) Mari fi a jalou anpil c) Lala ap dòmi depi maten.
d) Wodrig lekòl lise Petyon.
17.- Nan fraz sa a: "Deloud ap konstwi yon kay nan Kwadèboukè" chèf Gwoup Predika a se : Konstwi b) Ap c) Deloud ap konstwi d) Ap konstwi
18.- **Fraz ki gen konparatif siperyorite a se :**
a) Wout falèz pi danjere pase wout plèn b) Machin pa rapid tankou tren. c) Anita mache menm jan ak Mari. d) Bale lakou a pwòp.
19.- Nan fraz sa a : **Gwo savann domèn endistri yo pankò devlope yon pwodui konsa yo se :** yon adjektif posesif b) atik defini c) adjektif endefini d) pwonon pèsonèl
20.- **Men de fraz senp** : Ou t'ap li yon liv. b) Liv la enteresan. c) Reyini yo ansanm pou fòme yon fraz konplèks
21.- **Kilès nan fraz sa yo ki gen yon konjonksyon kowòdinasyon** :
a) Jak fè kòlè poutèt ekip li a pèdi. b) Mwen byen kontan ou rele men mwen ta pral soti kounyeya. c) Lè Jan rele a mwen t'ap manje... d) Elèv ki chita lòtbò a dosil anpil.
22.- **Mete nan plas pwen yo yon pwonon pèsonel oubyen yon detèminan posesif ki ka ale ak fraz l**a.
a) Yon jou, yon gwo pyebwa di yon pye wozo konsa : "Gen rezon ap plenyen toutan nenpòt ti van oblije ...bese tèt...jouk atè. b) Pitit fi mwen an an danje de mò, Altès, sove....pou...tanpri ! Bondye va rekonpanse
23.- **Transfòme diskou dirèk sa a an diskou endirèk :** Manman an di : "Mwen bouke ak lavi difisil sa a .
24.- **Sèvi ak yon konjonksyon pou transfòme fraz ki anba yo an fraz sibòdone**
a) Ou t'ap dòmi, mwen keyi yon panye plen seriz. b) Pipirit lòmanse chante; solèy la leve.
25.- **Konplete fraz pi ba yo selon règleman yo bay yo:**
a) Alèks achte.....(Konpleman Objè dirèk) + Konpleman Objè Endirèk
b) Polisye a pale.....(sikonstansyèl manyè).
26.- **Dekoupe fraz sa a, an kat moso. "Lèt manman genyen tout vitamin nesesè pou sante ti bebe a."**
27**.- Pwodiksyon ekri :**

1) Ou rekonèt nan katye lakay ou yon jèn fi ki apèn akouche premye pitit li, men li deside, li p ap ba li tete, l ap ba li lèt nan bwat pito paske yo di lèt nan bwat la ap fè ti bebe a grandi pi vit.

2) Ekri yon lèt pou fè konnen enpòtans lèt manman genyen pou yon ti bebe nan premye mwa li yo.

Kòman yon moun kapab viv, fè kòb manje li lè li pa ka travay latè selon sezon an ? Men solisyon detwa abitan jwenn…

Sezon lapli a te kòmanse, tankou li abitye parèt nan zòn sa a avèk gwo van, loray. Moun pa soti al lapèch anba tan sa a. lè konsa, kay la manje ti pwovizyon medam yo te sere nan galata pandan tan sèk oswa viv yo te achte nan bouk la.

Wout nan zòn nan tounen yon mwayen tou pou moun yo fè kòb. Li te konn rapòte lajan pandan sezon lapli a pliske se sèl wout zòn nan genyen epi li travèse tout zòn nan. Se ladan pou pase maten, ladan pou pase lè pou tounen. Jèn moun nan zòn nan te konn ede wout sa a rete itil. Yo te remake labou lapli a kite te konn anpeche machin yo pase nòmalman. Men pandan sezon fredi machin konn kole sou wout la. Konsa, chofè konn priye abitan yo pou pote yo sekou. Abitan lakay nou sèvyab se vre, men yo pa twò renmen mete pye yo nan labou anba lapli. Se poutèt sa chofè ki kondui mal yo te konn priye yo anpil e menm lè sa a fòk yo te bay abitan nan zòn nan kòb. Pafwa, jèn yo egzije yo peye byen chè pou konkou yo ap bay la. Se konsa abitan nan zòn nan vin dekouvri wout sa a ka sèvi pou ba yo manje, pandan sezon lapli a ap frape paske li anpeche machin yo pase san pwoblèm.

Konsa menm lè sezon lapli a fini, labou a rete. Men labou a, lè l ap sèch li vin pi rèd. Labou a vin di kole. Tè a se yon ajil. Donk moun yo te toujou kontinye fè kòb ak chofè machin yo. Pase machin k ap pase sou wout la te tèlman anpil moun yo te travay anpil enpi yo vin fatige avèk afè rann sèvis la. Lòt pwoblèm ki genyen zafè kole, dekole, pwa machin te gen anpil twou nan wout la. Andire labou a fè ekspre.

Finalman sezon lapli ak fredi pa te gwo pwoblèm pou moun sa yo ankò. Zafè rezèv pwovizyon ap fini pa te fè moun yo pè. Wout la te tounen kanè bank detwa moun. Menm si se pa te yo ki te konstwi li. Lè moun yo di wout se youn siy pwogrè nan yon peyi, yo pa te fè manti paske leta te vin konstwi wout la. Moun yo te vin jwenn lòt aktivite pou yo viv.

<u>Premye pati</u> : kesyon sou teks la

1- Pase yon trè anba bon repons la.
Jèn yo te konn fe yo peye pi chè
a) paske chofè yo vle peye pi chè b) paske chofè yo te itilize wout la twòp c) paske jèn yo vle wout la rete itil d) paske jèn yo fatige rann sèvis

2- Ekri selon tèks la 2 aktivite moun yo mennen anvan peryod lapli a.

3- Selon tèks la wout la te endispansab pou chofè yo. Ekri pou montre sa ki fè ou wè sa .

4. Eksplike fraz sa a. “wout sa a te tounen kanè bank moun yo.”

5. Konplete paragraf anba a ak mo nan tèks la pou ou kapab jwenn rezime tèks la.
Yon fwa ankò…….te fòse……. redui aktivite yo. Tout ……rezèv yo t ap fini. Se konsa yo…….wout la se yon ….. pou yo viv pandan ……., paske lè sa a …… fòse prèske tout ……..kanpe pou …. pouse yo. Abitan yo ……yo lajan pou …….yo soti nan labou a. Kwen yo toujou gen labou menm lè ….. a fini ….. yo toujou fè lajan jous leta ……wout la.

6. Ekri yon paragraf sou enpòtans wout nan yon peyi. (6 liy)

<u>Dezyèm pati</u> : òtograf, vokabilè, gramè, pwodiksyon ekri. (6 liy)

7.- Men yon mo "kokenn" : ekri 6 mo ki fini avèk "en + n" tankou nan egzanp la.

8. Kontre avèk flèch mo kolòn A a avèk sinonim li nan kolòn B a.

A	B
divès	mare
èd	prestij
diyite	konkou
peyi	take
akò	lakay
klete	plizyè
	antant

9. Men kèk mo : konpa, ekè, règ, rapòte. Tèm ki gen rapò avèk mo sa yo se :

10. Fè yon fraz konplèks avèk fraz senp sa yo :
a) nou dwe bay liv yon atansyon espesyal b) nou vle genyen plis konesans
c) li jwe yon gwo wòl nan lavi nou

11. Pase yon trè anba predika a nan fraz anba a : Fraz : "Eske elèv la la ?"

12. Pase yon trè anba pwonon demonstratif ki nan fraz sa a :
Fraz : "Sa yo pa t wè poul sa a."

13. Men yon fraz : "Depi lè a, misye te rantre nan kokiy li." Eksprime pa ekri menm lide ki nan fraz anwo a ak pwòp mo pa ou.

14. Men yon rektang ki reprezante yon anvlòp pou yon lèt ou ekri.
Ekri non yo sou anvlòp la pou idantifye moun ki konsène yo.

15.- Ekri pou di kòman ou te eksprime kontantman ou nan yon sikonstans nan lavi ou. Bay tout sa li te pase a. (10 liy)

Mare fraz	6
Nati ak Fonksyon	12
Òtograf	15
Fòmasyon mo	15
Omonim	17
Polisemi	17
Sinonim	17
Antonim	17
Pawonim	17
Gwoup Pilye	20
Lèt	22
Pòtrè / deskripsyon	24
Resi	25
Reprezantasyon an pyebwa	28
Apwòch kontrastiv	33
Pwonon	39
Tèks agimantatif	42
Modèl egazamen	44